

Siwaratna

Mbangun Kuncaraning Basa, Sastra, lan Budaya Jawa

“Dewi Sinta”

“Ngupadi Jejegipun
Basa Jawa”

Murih Basa Jawa
Lestari

DITERBITKE
DENING
BALAI BAHASA
JAWA TENGAH

EDISI 15
JANUARI - APRIL
2020



ꦏꦪꦒꦺꦤꦠꦺꦤꦶꦠꦸꦏꦸꦭꦺꦗꦩꦸꦂꦲꦶꦏꦸꦒꦺꦤꦠꦺꦤꦶꦠꦸꦏꦸꦭꦺꦗꦩꦸꦂꦲꦶꦏꦸꦒꦺꦤꦠꦺꦤꦶꦠꦸꦏꦸꦭꦺꦗꦩꦸꦂ

Kaya Ngenteni Thukule Jamur ing Mangsa Ketiga

Salah sawijine unen-unen kang ana ing bebrayan Jawa yaiku kaya ngenteni thukule jamur ing mangsa ketiga. Kanggone bebrayan Jawa mangsa kuwi diperang dadi rolas ing setaune. Mangsa ketiga utawa katelu tumiba ing mangsa panas, mangsa garing, wektu kang larang banyu. Kamangka jamur kuwi tetuwuhan kang thukule mbutuhake banyu. Mula, jamur adate akeh thukul lan ngrembaka nalika ing mangsa rendheng, mangsa kang akeh udan. Mesthine para leluhur wis niteni mulane banjur ana unen-unen mau. Dadi, aja ngarep-arep jamur bakal thukul ing mangsa ketiga. Kuwi tangeh lamun. Mula, tegese unen-unen kaya ngenteni thukule jamur ing mangsa ketiga yaiku ngarep-arep barang kang tangeh lamun bakal kasembadan. (Kustri Sumiyardana)



Dadi Conto Dudu Menehi Conto

Dening : Yan Tohari

Jroning urip akeh tinemu gegambaran panguripan sing kabeh mau kena dadi sarana pasinaon.

Kalebu warna-werna patuladhan bisa minangka ngundhakake pangerten.

Embuh iku pangerten lair apa dene batin. Nuli ing ngendi kita bisa nemokake patuladhan?

Kang selot ilang saka madyaning panguripan kita gegayutan klawan pambudi ngemonah runtuting pakartine para generasi bangsa iki yaiku adeging tuladha.

Jalaran panandhese para wasis, sapinter-pintere memulang yaiku dadi conto dudu menehi conto.

Anak-anak kita ing wanci iki kadi dene anak turun sing koncatan patuladhan, banjur sapa sing kena kanggo conto mring pangudi murih madeg dadi pribadi pinunjul. Kalebu ing perangan sing paling cerak, raket sarta kawitan anak iku ana, yaiku ing tengahing kulawarga. Kacihna angel kena kanggo conto.

Jalaran kulawarga saiki kadumaden saka pribadi-pribadi sing sarwa repot klawan urusane dhewe-dhewe. Embuh iku ibu apa dene bapak. Kekarone kaya-kaya kecanthol acara sing datan ana enteke saka mrojole srengenge nganti teka madyaning ratri.

Datan mokal ing sabanjure, anak-anak kita dadi pribadi sing ngemba klawan apa-apa sing katon lan kaanggep narik lan apik kanggone. Ora wurung, medhia sing asring dadi kanca ing rina klawan wengine, embuh iku TV, game online, android, internet, lan sapanunggalane. Wusana, wis salumrahe kalamun anak-anak kita ucul saka pribadi-pribadi sing dikarepake, embuh iku sopan, tata krama, ngerti unggah-ungguh, lan liya-liyane.

Nanduki perkara iku, wiwit wanci iki

prayoga kita ginugah kanggo madeg minangka tuladha marang anak-anak kita. Kabeh wae, ora mung wong tuwa jejerling sakaguru kulawarga. Kalebu para guru, pemimpin, pejabat, tokoh agama, sarta tokoh-tokoh liyane.

Saben-saben kita padha ngarepake klawan generasi sing ngemu bobot. Becik iku bobot pamikir utawa bobot perilaku, mula sakamat-kamat kita kudu bisa dadi conto mring dheweke kabeh.

Conto kang paling prasaja yaiku yen ora bisa dadi conto kang apik, aja nganti dadi conto kang kurang becik. Manawa kuwawa ora ketang siji dadi conto marang bab kang kasil gawe bombonge bocah. Saengga bocah rumangsa mongkog darbe lan ngaku klawan sapa kita.

Sayektine ing sawetara wektu kepungkur katon sawernaning pribadi sing kasil dadi tuladha ing madyaning generasi bangsa iki, sebut wae sakehing para pahlawan, sabanjure tokoh kadi dene Pak Habibie lan tokoh-tokoh liyane. Patut lan pantes kaangkat dadi pribadi sing kena kanggo kaca benggala. Nanging nyandhak dina iki kita rada kacipuhan.

Ngrembaka lan anane tuladha iki uga dadi jejibahane para wasis sarta medhia kang ana, awit salawase iki medhia kadi dene TV sing paling gampang sarta cerak klawan masarakat, kepara akeh nggiyarake bab-bab sing ora pantes katonton dening para generasi. Pancen kawitane tayangan iku kababar murih para sing nonton aja nganti tiru-tiru. Nanging kasunyatane ora sithik sing bab ala iku kepara dadi virus sing nular ing generasi liyane.

Mula nyipta anane generasi kuwat, tangguh, wasis, lan ndarbeni kautaman, yekti dadi tanggung jawab kita kabeh. Kabeh kudu saiyeg saeka kapti maju bebarengan. Madeg dadi conto sing pantes kaconto. Dudu amung menehi conto. Apa maneh sing karasa fatal yaiku kejem nudhing lan nyalahake para generasi sing sabanjure dadi pribadi adoh saka piguna. Tumindak iki bisa-bisa sansaya nyurung para generasi dadi pribadi sing salah kedaden. Ngono. Nuwun.

Daftar Isi

3 Blencong

Dadi Conto Dudu Menehi Conto

5 Teras

Gawe Aji Basa Indonesia Lumantar
Prasidatama

7 Kawruh Sastra

Jagat Modheren ing Sajeroning
Kembang Pasren

9 Kawruh Basa

Ngupadi Jejegipun Basa Jawa

11 Banyumasan

Basaku Penginyongan: Pambudidaya Cilik
Nglestarekake Dhialek Penginyongan
(Banyumasan) ing Era Milenial

13 Tegalan

Puisi Tegalan Bisa kanggo Piwulangan
Basa Jawa Siswa Ngapak

16 Crita Cekak

Dewi Sinta

20 Gladhi Sastra

Gêthèk

23 Wacan Bocah

Gethuk Lindri Pelangi

25 Gurit

- Tangan Kiwa Kang Koklirwa
- Ratu Shima, Ratu Kalinyamat, dalah Raden Ajeng Kartini
- Tansaha Rahayu, Ibu...
- Kanggo Anakku
- Jateng Gayeng • Kemlethak
- Mongkoking Rasa • Cluthak

29 Macapat

Isra' Mi'raj Mukjijat Ingkang Sanyata

30 Sanggit

Sing Lugu Kepala

32 Oncek-Oncek

Harmonisasi : Ide, Imajinasi lan
Kasunyatan

33 Ngudarasa

Murih Basa Jawa Lestari

34 Kabudayan

Weweden lan Lestarine Lingkungan

36 Budi Pekerti

Cak-cakane Tembung
Siram lan Ngendika

37 Resensi Buku

Kumpulan Cerkak Kang Sugih
"Rasa Jawa"

SUSUNAN REDAKSI

Penanggung Jawab : Dr. Tirto Suwondo M.Hum ~ Pemimpin Utama : Drs. Suryo Handono, M.Pd ~ Pemimpin Redaksi : Kustri Sumiyardana, S.S., M.Hum ~ Sekretaris Redaksi : Sunarti, S.S., M.Hum ~ Reporter : 1. Drajat Agus Murdowo, S.S., M.A, 2. Akhid Anshori Setiawan, A.Md ~ Redaktur Pelaksana : 1. Yan Tohari, 2. Bambang Sulanjari, M.A, 3. Widiyartono, 4. Trimman Laksana ~ Redaktur : 1. Mochammad Fikri, S.S., 2. Tri Wahyuni, S.S., 3. Umi Farida, S.S., 4. Sutarsih, M.Pd., ~ Desain Grafis dan Tata Letak : Surya Purnomo, S.Ds. ~ Ilustrasi : Ahmad Rofiq ~ Keuangan : Lungid Ismoyo Putro, M.H ~ Sirkulasi : 1. Lely Siti Fatimah, S.E., M.Si, 2. Slamet Priyono, S.E., 3. Agus Sulistyio.



Gawe Aji Basa Indonesia Lumantar Prasidatama

● SMA Semesta Semarang munggah ing panggung nduduhake kaprigelane ing babagan musikalisasi puisi kanthi nembangake puisine sastrawan Semarang Handry Tm.
Foto: Widiyartono R

BALAI Bahasa Jawa Tengah ngambali maneh nggelar pahargyan Penghargaan Prasidatama kanggo lembaga utawa pawongan kang kabiji ngetrapake *bahasa negara*, yaiku basa Indonesia ing *ruang publik* kanthi apik lan bener. Pahargyan iku digelar di Hotel Patra Convention, Jalan Sisingamangaraja Semarang, Rebo 20 November 2019 kepungkur.

Kepala Balai Bahasa Jawa Tengah Dr. Tirto Suwondo, M.Hum. ngendikakake menawa adicara mengkene iki penting dileksanani, amarga warga Jawa Tengah bebarengan karo Balai Bahasa Jawa Tengah ing wektu 10 taun lumaku iki nganakake kegiatan njaga ajine (*memartabatkan*) basa Indonesia. “BBJT nindakake ngupaya supaya basa Indonesia tetepi aji, duwe martabat lan uga mbiji kepriye basa Indonesia digunakake ing *ruang publik*. Amarga wis sepuluh taun kepungkur *Undang-Undang No. 24 Tahun 2009 tentang tentang Bendera, Bahasa, dan Lambang Negara, serta Lagu Kebangsaan*

diundhangake lan wis *terbit* uga Peraturan Presiden sing ngandharake menawa basa Indonesia kudu duwe martabat,” ujare Dr. Tirto Suwondo.

Sing gawe mongkog, kandhane Dr. Tirto, Provinsi Jawa Tengah ing taun 2018 oleh Penghargaan Adibahasa saka Kemendikbud, amarga kabiji minangka provinsi kang kasil nggunakake basa Indonesia ing *ruang publik* kanthi apik. “Senajan kudu disadhari yen nyatane isih kudu diupayakake kanggo kepriye carane murih saya apik kanthi ora kema, kudu terus ditindakake,” celathune.

Penghargaan Prasidatama wis

katindakake dening Balai Bahasa Jawa Tengah wiwit taun 2013. Lan ing rong taun lumaku iki ana owah-owahan, *penghargaan* sing diserahake ora mung kanggo pawongan, nanging uga kanggo prodhuk arupa buku lan uga kanggo lembaga kaya dene sekolah, kantor, instansi kang dibiji duwe kawigaten migunakake basa Indonesia kanthi bener lan apik.

Kategori

Kategori *penghargaan* Prasidatama taun 2019 iki yaiku ana nem kategori. Kategori kapisan migunakake basa Indonesia ing kabupaten/kota ing Jawa Tengah,



■ Kepala Dinas Pendidikan Kabupaten Pati nampa penghargaan Prasadatama saka Kepala Balai Bahasa Jawa Tengah, Dr. Tirto Suwondo. Foto: Wiedya Wiryatmaja

migunakake bahasa Indonesia kang apik lan bener ing SMK sa-Jawa Tengah, ing Dinas Pendidikan kabupaten/kota laladan Jateng. Banjur uga *penghargaan* kanggo antologi *cerita pendek*, antologi puisi, lan buku novel kang diterbitake dening penerbit ing Jawa Tengah.

Pancen, Pak Tirto ngakoni, greget kanggo melu ing kegiatan ini durung gawe mongkog, amarga Dinas Pendidikan, pemkab/pemkot, lan SMK sing ngirimake berkas kanggo melu ing swayambara iki isih sithik banget tinimbang akehe wilayah ing Jawa Tengah sing cacahé 34 pemkab/pemkot.

Sawise tim juri nindakake verifikasi lan naliti berkas-berkas sing dikirim, lan uga ana “*tim rahasia*” sing nekani lembaga utawa sekolahan sing mlebu nominasi sabanjure katetepake Dinas Pendidikan sing nggunakake basa Indonesia kanthi apik lan bener yaitu Dinas Pendidikan Kabupaten Demak, lan loro kang dadi nomine yaiku Dinas Pendidikan Kabupaten Pati lan Dinas Pendidikan Kabupaten Blora.

Ing kategori SMK, kapiji sing nampa *penghargaan* yaiku SMK

Negeri 1 Pati lan rong nomine yaiku SMK Negeri 1 Purworejo lan SMK Negeri 1 Purwodadi. Banjur Pemerintah kabupaten/kota sing oleh penghargaan yaiku Pemerintah Kabupaten Pekalongan lan nomine loro yaiku Pemkab Purworejo lan Pemkab Wonogiri.

Kanggo antologi puisi sing oleh penghargaan Yusuf AN kanthi irah-irahan *Hikayat Sri*, banjur nomine loro yaiku Yuditeha antologi *Dolanan* lan Soekoso DM antologi *Mozaik yang Tercabik*.

Kanggo antologi cerpen Pipiek Isfianti minangka pemenang kanthi irah-irahan *Janji Sri* lan rong nomine Ary Yulistiana (*Suatu Pagi di Karlovy Vary*) lan Yoyok Dwi Prastyo (*Eksperimen Jin Botol*). Eman, kanggo buku novel ora ana sing antuk nugraha minangka pemenang, mung kapiji rong nomine yaiku Panji Suka kanthi irah-irahan *Astungkara* lan Andri Saptono irah-irahane *Martir*.

Ing adicara kang kaleksanan luwih saka limang jam iku, paling ora dirawuhi 300-an tamu saka maneka komunitas seni lan budaya kang sumebar ing saindhenging Jawa Tengah. Kejaba acara nampa


penghargaan, uga ana musikalisasi puisi saka SMA Semesta Semarang lan uga Joshua Igbo lan wacan cerpen dening Pipiek Isfianti sarta maca puisi dening Yuditeha. (Wiedya Wiryatmaja)



■ Pipiek Isfianti, sastrawan saka Kudus kang nampa penghargaan saka kumpulan cerita pendek sing kasil menang lan antuk Prasadatama. Foto: Widiyartono

Jagat Modheren ing Sajeroning *Kembang Pasren*

Dening: Jefrianto



Ana kang nyebut menawa sastra Jawa kuwi “sastra ndesa”. Panemu kasebut nyata tanpa wewaton. Sarworo Soeprpto (1989) mratelakake menawa akeh pengarang Jawa kang dedunung ing kutha-kutha cilik (kabupaten/kecamatan). Kahanan geografis kang dialami iku mangaribawani obyek-obyek kang digarap. Yen saupama obyek critane babagan wong kutha, kang digarap biyasane masarakat kutha kang isih komunal lan tradhisional sipate.

Panemune Sarworo nyata-nyata isih nemu gathuke ing jaman saiki. Cerkak-cerkak kang muncul isih akeh kang nyaritakake kahanan desa lan rerupan tradhisional. Durung patia akeh cerkak-cerkak kang nggarap kutha lan rerupan modheren. Sanadyan mangkono, temtu bae cerkak-cerkak kang isih *minor* cacache iku dudu babagan kang bisa disepelekake.

Kita bisa nyekseni obyek kutha lan rerupan modheren iku ana ing kumpulan cerkak *Kembang Pasren* (2017) karyane Impian Nopitasari. Saka selukur cerkak kang dimot ing kumpulan cerkak kasebut, paling ora ana patang cerkak kang nuduhake gambaran kutha lan rerupan modheren kang kuwat. Gandaning alam modheren iku bisa ditemoni sepisanan ing cerkak “Es Susu Soklat, Tesis 378, lan Dhasi Kupu”.

“Iki dudu sing sepisanan aku ngonangani kenya jilbaban siji iki ing warung susu segar cedhak Akademi Teknik Mesin (ATMI) kene.”

Saka pethikan ing ndhuwur, cetha banget papan panggonan kang dienggo minangka latar crita yaiku sawijining *perguruan tinggi*. *Perguruan tinggi* pancen kadhang kala mapan ing desa, nanging, lingkungan sajeroning *perguruan tinggi* temtu bae mujudake modherenitas kang wis ora bisa sinebut ndesa.

“Nggarap tesis neng sandhinge mbak-mbak aneh iki kok ya ora konsentrasi blas. Akeh pitakonan-pitakonan ing sirahku.”

Pethikan ing ndhuwur tansaya nuduhake modherenitas ing cerkak “Es Susu Soklat, Tesis 378 lan Dhasi Kupu”. Tesis mujudake pagawean sawijining mahasiswa/i pascasarjana. Pagawean kaya mangkana cetha dudu pagawean tradhisional kaya kang asring ditemoni ing alam padesan.

Wujud modherenitas iku tansaya kuwat menawa nilik cerkak “Eseme Mas Sejarawan”. Cerkak iki nganggo latar saka alam nyata, yaiku Balai Soedjatmoko.

“Tekan nggon dhiskusi aku lungguh, njipuk makalah, karo ngrungokake wedharane Mbak Setya...”

Dhiskusi lan *makalah* neng pethikan ing ndhuwur dadi pituduh babagan kegiatan kang ana gandheng cenenge karo modherenitas. *Dhiskusi* sajane pancen ora beda karo rerembungan. Ananging, dhiskusi ing cerkak “Eseme Mas Sejarawan” dudu rembugan gagrak lawas. Rerembungan iku wis mujud kegiatan kang luwih modheren kang dituduhake mawa anane makalah.

Latar cerkak “Kupon Keramat Uda Fajri” saemper karo latar cerkak “Es Susu Soklat, Tesis 378 lan Dhasi Kupu”. Latar kang digunakake yaiku lingkungan kampus.

“Kuliyah jam iki kok rumangsaku suwene eram. Dhosene ngomong apa wis mbuh mung mlebu kuping tengen metu kuping kiwa alias bablas.”

Kanthi pethikan ing ndhuwur, kita wus bisa oleh sithik gambaran manawa karyane Impian iki nyoba uwal saka panemu sastra ndesa. Desa iku uga ora katemokake ing cerkak “Lintang, Ndaru lan Pulung”. Latar cerkak kasebut migunakake latar asli saka alam nyata, yaiku Taman Balekambang.

“Gedhong kethoprak Balekambang bengi iki rame banget ora kaya padatanane.”

Sanadyan kethoprak iku sipate tradhisional, kang diarani gedhong kethoprak nyata-nyata anane ing kutha. Pagelaran kethoprak gagrag ndesa mesthi bae nir-bathi, alias gratis. Beda karo gedhong kethoprak kang majibake tuku karcis.


“Generasi mudha racake padha pilih nonton pilem neng bioskop tinimbang nonton kethoprak, senajan karcise mung Rp. 10.000,-.”

Wujud kutha lan rerupan modheren ing *Kembang Pasren* paling ora menehi pituduh marang kita kabeh, mligine para sutresna Jawa, manawa panemu babagan sastra Jawa minangka sastra ndesa wis ora trep maneh. Sastra Jawa saiki wus luwih fleksibel.

Babagan iki bisa ditemu nalar sabab akeh pengarang Jawa kang saiki manggon ing kutha. Dadi, ora mokal crita kang yinasa mawujud kutha lan rerupan modheren. Kaya Impian dhewe, minangka pengarang buku kang dirembug iki. Impian mujudake pengarang kang uripe asring ing kutha. Sinebut mangkono sabab Impian iku pengarang kang asale saka desa ing Grobogan, ananging luwih asring ing Surakarta. Ngangsu kawruh lan nempil kamukten mesisan ngreronce karya sastra Jawa ing kutha kang kawastanan *Spirit of Java*.

Cerkak-cerkak kang dirembug ing tulisan iki wis apik. Kari nuju pangolahan kang luwih jero, luwih *sublim* maneh. Pangolahan kutha lan alam modheren ing saperangan cerkake Impian isih mawujud minangka latar. Muga-muga ing mengko kutha lan rerupan modheren iki bisa ginarap kanthi luwih jero, nunjem ing hakekat dening Impian utawa pengarang-pengarang liyane.

Sastra Jawa nyata-nyata sastra sing luwes. Jaman gumanti, sastra Jawa isih bisa manunggalake dhirine kanthi apik lan trep. Sipat kaya mangkana mujudake sasmita tumrap para sutresna Jawa, mligine pengarang, supaya luwih kreatif, luwih mahami sakiwa tengene minangka modhal kuwat anyiptakake karya sastra Jawa kang mumpuni. Manjing ajur ajer jaman.





Ngupadi Jejegipun Basa Jawa

Dening: Tukijo*)



Pirembagan babagan kawontenanipun basa Jawa menika bokmenawi boten bakal purna. Awit kawontenanipun basa Jawa menika gumantung tiyang Jawa. Inggang dipunwastani tiyang Jawa menika, tiyang inggang panci gadhah tedhak turunipun sesepuh Jawa, menapa dene tiyang Jawa inggang mapan ing laladan pundi mawon. Kasunyatan basa Jawa tansah dados sarana wicantenan antawisipun tiyang inggang nindakaken wawan pangandikan. Nanging jumbuh kaliyan ewah gingsiring kawontenan, basa Jawa ugi nemahi maneka pacoban. Kados dene wontenipun basa manca, kalebet ugi basa *alay* para mudha lumantar medhiya sosial. Kanthi nitik kahanan kasebat, kenging menapa basa Jawa kedah jejeg?

Boten saged dipunselaki bilih basa Jawa lumantar tembung-tembung inggang wonten menika tansah nyengkuyung basa nasional. Kejawi menika, tembung-tembung kasebat nedahaken bilih basa Jawa menika sugih tembung. Kanthi menika ateges basa Jawa saged gesang lestantun. Ing sadhengah papan lan pasamuhan, basa Jawa tansah dipun-ginakaken tumraping tiyang Jawa.

Basa Jawa ing laladan Jawa Tengah mawon kathah wujud tetembungan inggang maneka warni, kalebet dhialek-dhialek. Maneka dhialek kasebat kados ta dhialek panginyongan (Banyumas), dhialek Tegal, Surakarta-Yogyakarta, dhialek Pekalongan, lan dhialek

Wonosobo. Sedaya menika nedahaken bilih basa Jawa panci inggang saged lestantun.

Ing tataran kawruh basa utawi paramasastra, basa Jawa ing jamanipun nedahaken basa inggang "*istimewa*". Ing antawisipun katitik saking leksikonipun. Leksikon miturut Kridalaksana, perangan basa inggang ngemot sedaya babagan teges lan pigunanipun tembung ing salebetipun basa, kalebet leksikon ing basa Jawa. Pramila, dhialek-dhialek basa Jawa menika ugi kedadosan saking maneka leksikon dhialek lokal. Kanthi menika, kita kedah gadhah seserepan inggang paripurna ing babagan basa Jawa. Dados, basa Jawa boten namung setunggal dhialek. Wonten maneka dhialek inggang tuwuh lan ngrembaka nyengkuyung basa Jawa.

Basa Jawa panci tansah dipun-ginakaken ing sesrawungan, nanging boten ateges basa Jawa menika basa inggang awrat utawi kepara gampil. Saperangan generasi sepuh tetep pitados bilih basa Jawa tansah gesang lan lestantun. Basa Jawa boten badhe pejah, nanging tansah nemahi ewah-ewahan. Pramila bokmenawi basa Jawa kedah nut ing jaman. Ewah-ewahipun basa menika kajumbuhaken kaliyan para mudha inggang kirang mangertosi babagan kawruh basa kasebat.

Inggang ndadosaken basa lan sastra Jawa boten badhe pejah, kaping setunggal, tradhisi kasusastran Jawa inggang sampun mbalung sumsum, sumebar ing



bebrayan agung, wiwit wonten kraton, bebrayan agung, lan kawula alit. Buktinipun kathah sanget wujud kawruh basa ing serat-serat susastra Jawa, kados ta serat *Tripama*, *Kalatidha*, *Wedhatama*, *Ajipamasa*, ugi *Wulangreh*. Kaping kalih, taksih wonten tradhisi manten kanthi pawiwahan. Wontenipun pawiwahan mujudaken kasunyatan bilih basa Jawa taksih gesang. Kaping tiga, wontenipun paimpunan kabudayan ingkang taksih gesang. Kanthi tetiganipun menika kita pitados bilih basa Jawa badhe lestantun.

Nitik ing andharan kasebat, cetha menawi ing kawruh basa Jawa menika ngandhut maneka pitutur luhur. Contonipun, ing wicantenan mawi basa Jawa, antawisipun para mudha nalika matur dhateng para sepuh temtu mawon ngajeni, ngormati, kanthi ragam krama alus. Babagan menika nedahaken bilih basa Jawa saestu nuwuhaken maneka tumindak kasusilan. Liripun saged amemangun karakter ingkang samangke radi kirang cetha.

Jumbuh kaliyan andharan kasebat, bilih wontenipun undha-usuking basa lan dhialek-dhialek basa Jawa menika nedahaken bilih basa Jawa tansah saged gesang ing samadyaning maneka kawontenan ing samadyaning bebrayan ageng. Inggih menika bebrayan kanthi nengenaken kasusilan, urmat, lan andhap asor minangka titahing Gusti Allah.

Kados sampun kawuningan bilih samenika kawontenan basa Jawa sampun boten jejeg malih. Para mudha sambat menawi kedah wicantenan mawi basa Jawa. Maneka alesan, wiwit saking leksikonipun ingkang maneka wujud, undha-usuking basa, lan trap-trapanipun. Kejawi menika, pranyata wicantenan mawi basa Jawa menika kedah jumbuh kaliyan swasana batin ing micanten. Kamangka para mudha (*milenial*) mbetahaken sinau basa ingkang gampil, lan ugi langkung komunikatif. Bab menika ingkang kedah dipungatosaken dening kita minangka para praktisi, dwija, ugi para sutresna basa lan sastra Jawa.

Paramasastra Jawa ugi dados perkawis dening para mudha. Awit paramastra Jawa menika panci boten gampil. Pramila menika, mbetahaken babon paramasastra ingkang sae. Kados ta, *Paramasastra* Padmosoedarmo. Kejawi menika saged ugi kita mbikak bausastra. *Bausastra* Jawa kados ingkang kaanggit dening Purbatjaraka menika salah setunggaling wujud bausastra ingkang taksih wonten.

Supados wujudipun bausastra menika gampil dipunsinaoni, bausastra saged kadamel kanthi aplikasi ingkang sae. Modhel aplikasi bausastra *mobile* menika gampil. Saking menika para mudha langkung gampil sinau ing pundi papan. Pramila sedaya menika mbetahaken greget lan gumregahing manah.

Kanthi sarana bau sastra *online* kasebat, paling boten nyamaptakaken bausastra ingkang langkung gampil. Cak-cakanipun ing pawiyatan, siswa saged pados tembung basa Jawa kanthi sarana menika. Kanthi menika ugi, pangajab basa Jawa langkung dipunremeni

dening para mudha.

Jumbuh kaliyan menika, pangangkah ngadhepi jaman *milenial*, kita tansah eling. Basa Jawa kedah gesang lan lestantun. Ateges, para mudha Jawa kedah mangertosi basa Jawa lan ngecakaken wicantenan mawi basa Jawa. Basa Jawa saged langkung gampil ing cak-cakanipun.

Kanthi nitik kawontenan menika, pramila kedah wonten pambudidaya amrih basa Jawa menika jejeg lestantun. Sedaya kedah cancut tali wanda, saiyeg saeka praya, netepi jejering tiyang Jawa ingkang nggadahi sesanti “sadumuk bathuk sanyari bumi”. Kedah dipunwujudaken kanthi tumindak, boten namung tetembungan ingkang tebih saking kasunyatan.

Sepisan, undha-usuk basa ingkang awrat tumrapping para mudha, kedah dipun “reproduksi” kanthi wujud ingkang langkung ringkes. Babagan menika amrih jumbuh kaliyan kawontenanipun para mudha, langkung-langkung ing jaman *milenial*. Boten namung menika, basa Jawa ugi kedah njumbuhaken kaliyan kawontenan. Menapa malih ingkang nembe mawon katelah kanthi *revolusi industri 4.0*.

Generasi mudha tansah kepincut ing sarana ingkang *modern, praktis*, lan gampil. Menika ingkang nedahaken ewah-ewahan kahanan ingkang saestu dumadi. Pramila basa Jawa kanthi wosing kawruh kedah saged njumbuhaken sedayanipun. Umpaminipun, wonten kawruh bebasan, parikan, candrasengkala, lan saloka kedah dipunmangertosi. Kejawi menika, jinisipun tembung-tembung kedah saged, kados ta tembung kriya, tembung saroja, lan tembung entar.

Cak-cakanipun basa Jawa ing kampanye pemilu ugi tansah katingal kanthi cetha. Mliginipun ing pundi papan wonten reklame calon ingkang ngginakaken basa Jawa. Kanthi wujud ingkang maneka warni. Wonten ingkang ngginakaken paribasan, parikan, lan sanesipun, kados ta “Ayo, pilih wae sing tekun, teges, lan bener!”, “Kanggo rakyat kang mukti lan sayekti.” Unen-unen kasebat nedahaken bilih basa Jawa sampun mlebet ing basa kampanye politik. Menika nedahaken bilih basa Jawa taksih jumbuh ing jamanipun.

Wujudipun kawruh menika sejatosipun kathah cak-cakanipun ing bebrayan. Kados ta bebasan, menika wujudipun tembung ingkang saestu ngemot kawruh basa Jawa ingkang sae. Para mudha samenika kirang mangertosi wujud tembung menika. Pramila saking menika, kita kedah mbudidaya amrih basa Jawa dados manjila ing samadyaning bebrayan. Wusananipun, para mudha ugi kedah gumregah njejegaken lan nglestataken basa Jawa.

*) Dwija Basa lan sastra Jawa SMP 17 Semarang/ Pangarsa MGMP SMP Kota Semarang

BASAKU PENGINYONGAN

Pambudidaya Cilik Nglestarekake Dhialek Penginyongan (Banyumasan) ing Era Milenial

Dening: Supangat)*

Nganti sekiye meh kabeh sekolah neng Jawa Tengah, mligine neng tlatah Banyumas Raya, mata *pelajaran Bahasa Jawa* ngetutaken pakem basa Jawa Mataraman, nanging bab kuwe ora ditolak jalaran *pembelajaran Bahasa Jawa* sing adhedhasar basa Jawa Mataraman kasebut ngemot pamulangan babagan sesikep lan tata krama. Anane unggah-ungguhing basa Jawa bisa diarani mujudaken salah sawijine strategi politis sing dumadi wiwit abad kaping 16 lan sengsaya rumasuk wiwit panjajahing Walanda sing nyengkuyung nguataken panguwasa Jawa lan *'memfeodalkan'* sesambungan ing antarane panguwasa karo rakyate, mangkono miturut Benedict Anderson.

Senajan kaya kuwe, menawa kawawas lewih tliti, undha-usuking basa kasebut pancen prelu diwulangaken lan dilestarekaken, dudu minangka wujud *feodalisme* ananging sawijine sikep unggah-ungguh. Basa Jawa baku sing diwulangaken neng sekolahan kudu tetep lumaku. Mung bae menawa sing diwulangaken kuwe mung basa Jawa dhialek Mataraman, njuran bakal ngurangi seserepan siswa maring tetembungan basa Jawa dhialeke dhewek, uga neng babagan kesenian utawa carane guneman.

Porsi pasinaon basa Jawa wektu kiye pancen gumantung maring kawicaksanane para panguwasa tlatahe dhewek-dhewek, nanging umume pasinaon basa Jawa mung rong jam pelajaran utawa 80 menit saben minggune. Wektu sing mung sethithik kasebut temtu ora nguntungaken banget, sebab sing diwulangaken mung basa Jawa baku. Babagan kuwe mesthi bae bakal dadi masalah atawa prekara mbesuk tembene, utamane gegayutan karo basa Jawa logat tlatahe dhewek-dhewek sing sebenere uga prelu diwulangaken.

Ancas tujuane tulisan kiye yakuwe nawakaken sawijining panemu (gagasan) babagan pasinaon basa Jawa logat Penginyongan (Banyumasan). Pasinaon basa Jawa logat Penginyongan (Banyumasan) neng SMP temtu uga kanggo mujudaken amanat sekang UUD 1945 pasal 32 sing ngandharaken menawa: *ayat 1) Negara memajukan kebudayaan nasional Indonesia di tengah peradaban dunia dengan menjamin kebebasan masyarakat dalam memelihara dan mengembangkan nilai-nilai budayanya, dan ayat 2) Negara menghormati dan memelihara bahasa daerah sebagai kekayaan budaya nasional.*

Neng tlatah sing nduweni basa dhewek sing tansah diuri-



uri lan diurip-urip dening rakyat kanthi seapik-apike, basa kuwe bakal diormati lan dijaga, sarta diupakara dening negara. Lan uga basa-basa kuwe mujudaken seperangan sekang kabudayan Indonesia sing esih urip. Adhedhasar UUD 1945 kasebut, mula sengsaya trewaca *fungsi* basa Jawa logat Pengiyongan (Banyumasan) tumrape masrakat neng tlatah Banyumas Raya. Supayane kuwat lan nambahi warna-warnining basa Jawa mulane maneka warna logat basa Jawa uga prelu lan butuh banget kanggo digatekaken lan dilestarekaken. UUD 1945 sing sinebut neng ndhuwur kaya-kayane pamarentah durung migatekaken. Durung dileksanakaken kanthi *maksimal*. Babagan kuwe bisa kadeleng sekang kawigatene pamarentah maring *mata pelajaran Bahasa Daerah*, mligine basa Jawa.

Panulis minangka guru Basa Jawa SMP neng SMP Negeri 1 Kalimanah Kabupaten Purbalingga, sarta lagi katiban sampur kaparingan amanat minangka *Ketua MGMP Bahasa Jawa SMP Kabupaten Purbalingga*, rumangsa *terpanggil*

kanggo ngenalaken maning lan ngurip-urip maning basa Jawa mligine logat Penginyongan (Banyumasan) maring para siswa minangka salah sawijine pambudidaya nglestarekaken budaya Banyumasan utamane neng babagan basa. Minangka *tindak lanjut* sekang *keterpanggilan* kanggo nglestarekaken lan nguri-uri *kearifan lokal* sing wujud basa Penginyongan (Banyumasan), mula panulis bebarengan karo kanca-kanca guru Basa Jawa SMP se-Kabupaten Purbalingga nyoba lan Alhamdulillah wiwit taun pelajaran 2017/2018 kasil gawe buku materi ajar *mata pelajaran Bahasa Jawa Penginyongan (Banyumasan)* sing diwenehi sesirah Basaku Penginyongan. Babagan kasebut linandhesan ngelingi sedurunge kabeh *sumber belajar mata pelajaran Bahasa Jawa* nggunakaken basa Jawa baku (logat Mataraman).

Buku materi *pelajaran* basa Jawa *Basaku Penginyongan* disusun adhedhasar Kurikulum Muatan Lokal Provinsi Jawa Tengah. Sanjerone buku kasebut ana materi babagan crita, dongeng, warta, lan tembang macapat sekang *Serat Wulangreh* anggitane Sri Susuhunan Pakubuwana IV. Kabeh materi kasebut nduweni ancas tujuan kanggo nglatih para siswa supayane wasis lan trampil basa Jawa, mligine basa Jawa logat Penginyongan kanthi tetep njaga unggah-ungguh lan suba sita.

Pangarep-arepe, buku materi *pelajaran* basa Jawa *Basaku Penginyongan* sing panyusune kadhasaraken kearifan lokal sing ana neng tlatah kabupaten Purbalingga bakal mupangati lan nambah seserepan siswa ngenani kabudayan sing ana neng tlatahe dhewek yakuwe Kabupaten Purbalingga. Bisa diarani menawa buku materi pelajaran basa Jawa *Basaku Penginyongan* sing dienggo minangka *sumber pembelajaran* neng SMP Kabupaten Purbalingga mujudaken strategi kanggo nguataken *kesatuan dan persatuan Indonesia*, mligine Jawa.

Optimisme sing muncul sekang panemu/gagasan kiye, senajan akeh pepalang sing bakal teka, ing besuk tembene pasinaonan basa Jawa Penginyongan (Banyumasan) bakal dadi *mercusuar* kanggone basa dhaerah liyane neng Indonesia supaya lewih ngenal jati dirine tanpa ninggalaken *persatuan* lan *kesatuan* Indonesia. Seserepan lan wawasan dhaerah liya kanthi logat sing beda-beda bakal ndadekaken siswa sengsaya siyap ngadhepi *persaingan* embuh kuwe asipat *regional*, *nasional*, apa dene *internasional*, sebab para siswa wis disangoni kanthi unen-unen aja kagetan, aja gumunan, aja melikan, lan aja dume.

*) Supangat, S.Pd., Guru Basa Jawa SMP N 1 Kalimanah, Purbalingga

Sumber: Kongres Bahasa Jawa (1993) FAD



Dialek Banyumasan

Dialek Banyumasan/Ngapak adalah kelompok bahasa masyarakat Jawa Tengah bagian barat (Eks Karesidenan Banyumas hingga sebagian Eks Karesidenan Pekalongan)

Banyak kata dalam dialek Banyumasan yang berakhiran "a", sementara di Jogja/ Solo berakhiran "o"

Banyumasan	Jogja/Solo	Arti dalam Bahasa Indonesia
pira	piro	berapa
sanga	songo	sembilan
sega	sego	nasi
ngapa	ngopo	kenapa

Perbedaan dari dialek Yogyakarta/Solo

Intonasi konsonan "g, k, d, b" dalam dialek Banyumasan diucapkan keras-semangat, dalam dialek Jogja/Solo lemah-tak semangat

	Banyumasan	Jogja/Solo
kreteg	g tetap g	g berubah jadi k
bapak	K tetap k	k hampir tak terdengar
jagad	d tetap d	d berubah jadi t
lembab	b tetap b	d berubah jadi p

ORA NGAPAK
ORA KEPENAK!



(Ngapak)

Puisi Tegalan Bisa Kanggo Piwulangan Basa Jawa Siswa Ngapak

Dening: Geni Purbatini *)

Puisi kuwe salah sijine karya sastra sing disenengi dening masarakat utawa penikmat karya sastra, sebabe kanthi puisi sakabehing panguneg-uneg sing ana neng ati utawa imajinasi bisa diekspresikna nganggo tembung-tembung sing indah. Manut Wahyuni (2014) puisi kuwe salah sijine bentuk karya sastra sing diwujudna nganggo tembung-tembung sing indah lan nduweni makna. Sangger manut Pradopo (2017) puisi kuwe ekspresi pamikiran sing bisa nukulaken rasa imajinasi pancaindra sing susunane nduweni irama.

Puisi Tegalan kuwe salah sijine jenis geguritan/puisi Jawa sing digawe dening sastrawan-sastrawan sing ana neng dhaerah Kabupaten Tegal, Kota Tegal, Brebes, lan Pemalang sing nggunakna dhialek Tegalan. Puisi Tegalan strukture padha karo puisi *modern* sing ora manut aturan-aturan kaya puisi Jawa kuna. Struktur fisik lan batin sing ana neng puisi Tegalan padha karo geguritan utawa puisi Jawa *modern*. Amerga puisi Tegalan padha karo puisi Jawa *modern*/geguritan mula puisi Tegalan nduweni kebebasan aturan sing diarani *licentia poetica* lan *licentia gramatica* artine nduweni kamardikan nggunakna basa, kamardikan nggunakna pamilihe tembung, lan kamardikan ngudharaken makna lan pesen. Merga kamardikan nggunakna basa, tembung, lan makna kuwe ngakibatna puisi Tegalan luwih gampang diterima dening masarakat Tegal lan sakupenge soale basa sing digunakna nganggo basa Jawa dhialek Tegalan.

Piwulangan basa Jawa sing diulangna neng Jawa Tengah umume nggunakna buku-buku sing basa pengantare basa Jawa standar. Kondhisi kiye ngakibatna siswa-siswa sing ana neng dhaerah ngapak krasa kangelan, mergane akeh tembung-tembung sing ora dipahami lan ucapane ya beda. Mula sabisa-bisane guru sing mulang neng dhaerah sing basane ngapak kudu bisa nggoleti cara, metode utawa bahan ajar supaya materi utawa piwulangan bisa lancar lan murid seneng bisa nrima apa sing diajarna. Puisi Tegalan bisa dadi salah siji solusi kanggo bahan ajar utamane materi geguritan neng pamulangan basa Jawa apa kuwe neng tingkatan SD, SMP, SMA/SMK sing ana neng dhaerah sing basane ngapak.

Alesane puisi Tegalan bisa dadi bahan ajar kanggo piwulangan basa Jawa yakuwe:

1. Basane ngapak

Puisi Tegalan karyane para sastrawan Tegal sing



biasane nggunakaken bahasa Jawa dhialek Tegal, mula puisi kiye pas nemen yen digunakaken kanggo piwulangan basa Jawa khusus materi geguritan. Amerga materi geguritan sing diulangaken neng sekolah-sekolah biasane nggunakna conto geguritan nganggo basa Jawa standar sing umume kanggo siswa sing ana neng dhaerah ngapak krasa angel soale tembung-tembunge akeh sing ora paham lan pocapane ya beda, mesthine kiye nyebabna siswa kangelan ari maca lan ngerteni isine geguritan. Alesan kiyelah sing ndadekna puisi Tegalan bisa kanggo materi ajar neng piwulangan basa Jawa.

2. Isine nggambaraken kondhisi sosiologi masarakat dhaerah ngapak.

Saben-saben karya sastra mesthi nggambaraken sosiologi utawa kondhisi masarakat wektu karya sastra kuwe digawe, kaya apa sing dingendikakna Wellek lan Werren (1990), *literature is an expression of society* sing artine sastra kuwe *ekspresi perasaan* masarakat. Kaya kuwe uga puisi Tegalan sing umume isine nggambaraken kondhisi sosial masarakat Tegal karo dhaerah sakupenge.

Contone neng puisi karyane Dwi Ery Santoso kang ana neng buku *Republik Tegalan* terbitan Balai Bahasa Jawa Tengah sing judhule “Iwak Sontong Diwadhahi Ketel” sing monine :

Iwak sontong diwadhahi ketel

Angger ana wong ngomong aja ndadak jengkel

Kyeh pati-pati nyong mlocoh tresnane maring kowen

Lantaran perkarane doyan goroh

Cuwilan saka puisi neng ndhuwur nyebutna tembung iwak sontong sing klebu salah sijine jenis iwak cumi. Masarakat dhaerah Tegal lan sakupenge ngenal iwak cumi ora mung sajenis tapi ana jenis sontong, blekutak, lan gurita. Aran jenis-jenis iwak cumi mau tentune beda karo neng dhaerah liyane. Ana maning tembung *ketel*. Angger neng dhaerah Tegal tembung *ketel* kuwe padha karo teko. Tapi neng dhaerah wetan tembung *ketel* kuwe papan nggo ngliwet sing ana cekelane. Saka contoh tembung-tembung mau jelas nggambaraken basa lan kebiasaane wong dhaerah Tegal lan sakupenge.

Ana maning cuwilan puisi sing nggambaraken kondisi masarakat Tegal khususé Kota Tegal sing jaman semono dipimpin dening panguwasa sing ora amanah yakuwe puisi karyane sastrawan Tambari Gustam sing judhule “Ora Nyangka” sing monine:

Ora nyangka

Wong sing katone ayu jebule koruptor

Wateke kotor ora gelem tekor

Malah anak buahe dipaksa kon pada setor

Nyong ora nyangka

Jebul rika durjana

Molane wong Tegal pada gela

Ora lila dipimpin rika

emut sadulur, aja maning-maning

dibodoni wong sing model sintren jejogedan

padahal prilaku kaya wong edan

kesurupan setan

Saka cuwilan puisi sing judule “Ora Nyangka” neng ndhuwur jelas nggambaraken keadaan masarakat Tegal sing krasa kecewa karo pimpinanane sing jebul mung nggorohi thok, ora padha karo apa sing diarepna dening wong Tegal yen sawijine pemimpin kiye kudu ngayomi, ngindhungi lan nggawe makmure wong Tegal, ora malah dadi koruptor. Pemimpin neng puisi “Ora Nyangka” dipadhakna karo sintren. Sintren kuwe pawongan wadon sing nari diiringi tabuhan gamelan karo tembangan khas Tegalan lan sing nari ora sadhar kaya kesurupan.

Saka rong conto cuwilan puisi sing wis dicontohna mau, nyata yen puisi Tegalan bisa nemen kanggo bahan ajar neng piwulangan basa Jawa neng dhaerah Tegal lan sakupenge.

3. Bisa dijuduk nilai-nilai pendhidhikan karaktere

Pendhidhikan karakter sing diterapna neng pendhidhikan *include* neng saben proses pembelajaran sawijining mata pelajaran. Mula saben-saben mulang kudu disisipi pendhidhikan

karakter senajan ta ora disebutna secara *eksplisit*.

Manut Ratna (2004) pendhidhikan karakter kuwe upaya kanggo ndhidhik putra-putri eben bisa njukut keputusan sing bijak lan bisa mraktekna neng panguripan saben dinane eben bisa menei kontribusi sing positip kanggo lingkungane. Kanthi anane pendhidhikan karakter diarepna mengkone siswa-siswi nduweni karakter utawa sipat sing dewasa, bijak ari njukut keputusan lan bisa nerapna neng panguripan saben dinane. Saengga bisa dadi generasi sing tangguh ngadhepi kabeh problem urip, ora gampang nglokro lan putus asa.

Manut Kemdiknas (2010) pendhidhikan karakter ana 18 nilai yakuwe: *religius, jujur, toleransi, disiplin, kerja keras, kreatif, mandiri, demokrasi, rasa ingin tahu, semangat kebangsaan, cinta tanah air, menghargai prestasi, bersahabat/komunikatif, cinta damai, gemar membaca, peduli lingkungan, peduli sosial, lan tanggung jawab*.

Puisi Tegalan uga ngandhung nilai-nilai pendhidhikan karaktere sing bisa dijuduk kanggo piwulangan basa Jawa, salah siji contone neng puisi karyane Eri Sudjono sing judule “Nglamun”

Nglamun

Jam siji bengi pikirane aku ngrambyang
kelingan aku lair nang Tegal
gede sampe tuwa nang Tegal

Maning - maning pemimpine

didombreng-dombreng rakyat

krungu maning pemimpine pada rayahan brekat

wetenge pada gede-gede

loken pan diterus-terusna

kota sing takalem-alem lan taksubya-subya

iloken nang Tegal laka wong maning sing bisa
dadi pemimpin bener?

Ben magrib ana adan apa ora pada ngrungokna?

rumangsane aku

wong agamane Islam

nabine Muhammad lan gusti Allah dadi panutan

apa sebababe wong sing pada dadi pemimpin
pada mick lan mbudeg?

Ora eling jaman pilihan

ora kemutan waktu kodrahan?

Aku kudu kepriben

loken iya wong Tegal wis laka sing

duwe jiwa pemimpin?

Maning-maning korupsi

maning-maning rebut gemeder

urusan komisi sing digedek-gedekna

daning panguwasa

.....

Cuwilan puisi “Nglamun” bisa dijuduk nilai-nilai

pendhidhikan karaktere yakuwe *nilai religius, jujur, demokratis, cinta tanah air, peduli sosial, lan tanggung jawab*.

a. Nilai religius

Puisi “Nglamun” nduweni nilai karakter religius diungkapna neng bait 3 baris 1–4 sing monine:

Ben magrib ana adan apa ora pada ngrungokna?
rumangsane aku
wong agamane Islam
nabine Muhammad lan gusti Allah dadi panutan

Nilai religius mau nggambarna sifat keagamaan pengarang lan sing kudu diduweni sawijining pemimpin.

b. Nilai jujur lan tanggung jawab

Nilai karakter jujur lan tanggung jawab sing ana neng puisi “Nglamun” digambarna neng bait 6 :

Maning-maning korupsi
maning-maning rebut gemeder
urusan komisi sing digedek-gedekna
daning panguwasa

Bait 6 nggambarna sawijining pimpinan sing ora jujur ari nglakoni tugase, dhuwit sing kudune nggo rakyat malah nggo rebutan karo kanggo kepentingane pribadine dhewek. Neng bait kiye uga nggambarna pemimpin sing ora tanggung jawab utawa ora amanah. Pemimpin sing kudune makmurna rakyat malah rebutan komisi lan korupsi.

Nilai karakter tanggung jawab uga bisa dideleng neng bait 2 baris 1–4 sing monine:

Maning-maning pemimpine
didombreng-dombreng rakyat
krungu maning pemimpine pada rayahan brekat
wetenge pada gedhe-gede

Neng bait 2 baris 1–4 mau nggambarna pemimpin sing ora amanah soale pemimpin mau nganti didhombreng-dhombreng/didhemo rakyat merga padha nglirwakna tanggung jawabe lan padha rayahan brekat (komisi) nganti wetenge gedhe-gedhe/kewaregen. Bait 6 kuwe klebu njelasna maksud sing ana neng bait 2.

c. Demokrasi

Nilai demokrasi neng puisi “Nglamun” bisa dideleng ana neng bait 4 baris 1–2 sing monine:

Ora eling jaman pilihan
ora kemutan waktu kodrahan.

Neng bait 4 ndhuwur nuduhna yen pemimpin dipilih secara demokrasi soale dijelasna neng baris kelorone sing ana tembung kodrahan (istilah Tegalan kanggo acara pemilihan sawijining kepala

utawa pemimpin nganggo coblosan langsung).

d. Cinta tanah air

Aku kudu kepriben
loken iya wong Tegal wis laka sing
duwe jiwa pemimpin?

e. Peduli sosial

Saka bait 2–6 sing dicontohna neng puisi “Nglamun” nuduhna yen panulis/penggurit nduweni rasa peduli marang kondhisi Tegal sing bolak-balik dipimpin dening penguwasa sing ora amanah. Pemimpin sing ora bisa nggunakna tugase kanggo kemakmurane rakyat.

4. Kanggo ngenalna lan ngembangna sastra Tegalan

Anane puisi Tegalan kanggo bahan ajar neng piwulangan basa Jawa neng dhaerah ngapak bisa digunakna kanggo ngenalna marang generasi mudha yen neng dhaerah Tegal lan sakupenge nduweni karya sastra sing digawe dening para sastrawan Tegalan lan perlu dikembangna supaya karya sastra Tegalan thukul subur saengga bisa terkenal nganti tingkat nasional sukur-sukur terkenal tekan manca negara.

Saka apa sing wis diurekna neng ndhuwur manut penulis, yen puisi Tegalan kuwe salah sijine wujud karya sastra sing dilairna dening penyair-penyair sing uripe neng daerah Tegal lan sakupenge saengga hasil karya-karyane ya nggambaraken kondisi sosial masarakat Tegal sakupenge lan basa sing digunakna nganggo basa Jawa dialek Tegal, kondisi kiye manut penulis pas nemen yen puisi Tegalan bisa digunakna kanggo bahan ajar neng piwulangan basa Jawa tingkatan SD/MI, SMP/MTs, SMA/SMK sing ana neng daerah Kabupaten Tegal, Kota Tegal, Kabupaten Pemalang lan Kabupaten Brebes. Nuwun.

*) Geni Purbatini, S.S., M.Pd., guru Basa Jawa sekang Tegal



■ Salah sijine siswa lagi maca puisi Tegalan sing judhule “Nglamun” karyane Erry Soedjono

वेद्वी इन्तव

Dening: Suwardi Endraswara



Sadurunge nggelar lakon Sinta Robyong, Ki Wiji Puspanjala umak-umik sedhela. Dheweke namakake mantra. Ngiras-ngirus kanggo uluk salam, sinambi ngadhep sajen.

Sajen mung diwadhahi takir wujud tumpeng robyong.

Tumpeng iku digawa kanthi laku dhodhok dening ki dhalang, tumuju belik ngisor gayam.

Belik iku sing dianggep ngetokake banyu bening kanggo wong sak kampung.

Ki Wiji Puspanjala njlentrehake werdine sesajen wayangan, kanthi gamblang marang Mbak Kenanga. Mbak Kenanga pancen mahasiswa sing lagi ngelak bahan panaliten kanggo ngrakit dhisertasi. Dheweke wis pirang-pirang wulan, nguber werdine bersih desa sing dumadi ing desa Randhu Kentir. Merga, bersih desa iki beda banget karo padatan. Kejaba sajene sing rada aneh, uga lakone wayang sing ora kaya biyasane.

“Lakone niki kudu disarati ngeten niki. Lakon Sinta Robyong, niki betah laku. Rapat kampung jare sing mutuske, kula rak mung kedhapuk nyabetke wayang. Boten namung tumpeng, Mbak, ning dijangkepi urip-uripan, ayam dhere setunggal.”

“Lha kok ayame dhere ndadak dicencang ngangge oyot napa niku Pak Dhalang?”

“Niki oyot wit sidaguri. Oyot niki le pados kanthi tapa mbisu nalika ngedhuk oyot. Cah sak niki pun boten sami tepang khasiate oyot niki.”

Mbak Kenanga kang lagi nedheng-nedhenge gawe dhisertasi, manggut-manggut. Dheweke lagi nulis karya mirunggan bab etnobotani Jawa. Mula kang anggone wawan rembug marang dhalange pagelaran wayang bersih desa, nengenake bab sambung rapete tuwuhan karo budaya. Yen wis kebacut nyemplung ing donyane ritual, tuwuhan, lan wayang, Mbak Kenanga pancen kedudut atine. Mula ora entek-entek sing ditakokake marang

dhalang lan wong-wong sing dianggep ngerti thek kliwere wayang bersih desa.

Kadhang kala ki dhalang kang kajibah nggelar lakon uga sok kentekan rembug. Mung wae, daya kawruhe dhalang pancen ngetuk tembung-tembunge, sok ora kurang lakon. Mbak Kenanga terus mburu pitakon-pitakon marang ki dhalang kondhang seka desa Waringin Garing. Sing ndudut banget kawigatene Mbak Kenanga yaiku lakone wayang, kok ora gayut karo dewi Sri, merga digelar ing adicara bersih desa. Sing uwis-uwis, saben bersih desa, mesthi nglakokake Sri Mulih.

“Yen bab lakon, dhalang kados kula nggih manut sing ngundang. Saged mawon kula othak-athik dados lakon carangan.”

“Dados wayang kangge bersih desa boten kedah mawi pakem napa Ki?”

“Pakem niku yen tiyang kuna. Yen lare milenial pun dha sami nilar, sing baku wose kecepeng.”

“Emmmm, cobu kula setele malih pentas Penjenengan wingi dalu. Kula kathah sing dereng ngertos. Jangkep kok rekaman kula.”

“Nggih Mbak, mangga. Kula kathah damel sanggit, supados lare-lare enem boten nglepeh dhateng wayang, napa malih bab sesajen barang niku.”

“Kok boten nglampahaken Sinta Gugat mawon ki? Sisan damel supados diremeni kawula mudha. Lare nem rak dha remen nggen gugat niku.”

“Kangge bersih desa nggih boten trep Mbak. Kula saged disawat srandhal jepit dening penonton.”

Mbak Kenanga monthak-manthuk, kebak pitakon nalika nyetel lakon Sinta Robyong. Sing marahi nggodha pikirane Mbak Kenanga, yaiku nalika Dewi Sinta kaboyong ing Pancawati. Pancen ana sing beda karo padatan. Mligine patrape Dewi Sinta, kang adate sok diobong, kanggo nodhi kasetyane Sinta. Lakon Sinta Robyong iki pancen akeh sing nuwuhake pitakon.

Bola-bali Mbak Kenanga nyetel lakon wayang iku. Ewa semono tetep ana sing durung cetha tegese. Lakon wayang ing bersih desa kasebut, pancen ana kembang-kembang crita. Nalika disetel dening Mbak Kenanga, lakon iku, ana adegan ki dhalang macakake geguritan sesirah Balada dewi Sinta. Kebak rasa anggane maca. Nggambarake lelakon kang banget njiret sang dewi. Sadurunge maca

geguritan kang nglangut, dipurwakani nganggo Suluk Pathêt Manyura Jugag.

*Lêng-lênging driya mangu mangu wang-wang,
dewi Sinta kang sungkawa,
lir kapuk tanpa kanin,
yèn tan tulusa mêngku Sang Dyah utama.*

Ki dhalang njogedake Dewi Sinta, sinawung suluk legeg swasanane. Kaya lagi ngulu panganan getir ing ilat. Dewi Sinta mandheg mangu, noleh ping telu. Katon yen ana kang digagas jero. Ana rasa getun kang kedawa-dawa. Kaya ndhudhah kahanan lawas kang banget nggaret ati. Ing batin semu ngendhelong, nganti Dewi Sinta netesake luh kaya kapuk randhu.

Bebasan luh bening tumetes ing pucuk-pucuking randhu. Ngelingake nalika dheweke gumreget marang kidang kencana kang amping-amping wit randhu alas. Ana rasa kleru kang banget nggaret tatu. Nanging kabeh wis dumadi. Mung getun kang angel diusap, nalika kleyang randhu kebacut kabur kanginan. Embuh tekan ngendi dheweke ngundang pengangen. Kanggone Mbak Kenanga, sing baku bisa ngerti surasaning lakon wayang kang kebak tetuwuhan. Sing cumithak ing batine Mbak Kenanga yaiku pangudasane Dewi Sinta marang Prabu Rama.

“Kangmas Rama, usapen kabeh salwiring luput kang tau ngembang playuning atiku. Merga wis kebacut nggonku kegiwang dening suruh ayu, nganti ketliweng angin sore. Kepara malah wis nuwuhake korban kang ora sethithik. Kakang, aku kepengin bali leladi bisa netepi jejering wanita.”

“Yayi Sinta pepujaning ati, kang wis nggugah karep ing salemba godhong kangen. Satemene, aku tetep bisa nampa ing kahanan apa wae.”



Prabu Rama ngusap luh bening ing pipine Dewi Sinta. Kebak rasa asih lan panggugahing rasa, kaya suruh ijo kang kepengin rumambat. Dewi Sinta kang banget mendhem rasa kangen, ora bisa nyingidake. Mung tumungkul kebak rasa. Lebar iku ki dhalang macakake geguritan sinawung lelagon tlutur.

Balada dewan Sinta

Nalika dewan Sinta nrabas alas gung liwang-liwang

Sepi, mung dhadhap sreng salembur kang ngawe

njugarake angin bisu, nurut plengkunge kluwang sore

Ana godhong dhadhap lumarap ngaling-alingi

Salembur rasa kang atos kaya galihing asem

Nganti ngipatake angen-angen ing nam-naman pandhan

mung geter kang wiwit kejungkel kekes ing jurang curi

Angin tansaya rendhet njawil kang lagi ngumbara

Ing laladan sepi, nyengerem ngrangkeng ati perih

Ing waliking rembulan, dewan Sinta nggegem mawar

Nalika weteng tansaya ngganda panguwuh

merga prabu Rama ndakwa Rahwana wis murang tata

Dewan Sinta kembang-kembang tangis

Nyawang kembang mlathi ing ngarepe

Kang kagubet kemlaheyan gadhing

Prabu Rama lon-lonan ngusap luh kang tumetes

Ing salumahe godhong tales kekes

Lebar maca geguritan, ki dhalang nyaut gunung. Gunung terus diobahke, ing kiwa tengene Prabu Rama lan Dewi Sinta sing lagi meres tangis. Antawecana dhalang pancen baut nata tembung-tembung endah milangoni. Mbak Kenanga kang lagi nedheng-nedhenge nggarap tugas, kandheg anggane nyetel rekaman nalika tekan antawecana ki dhalang kang banget nyungging sanggit lungit.

Dheweke kaya katut ing ilining rasa, nalika nonton rekaman kang nyanggit Dewi Sinta kang kebak kasedhihan. Ing batin rumangsa bombong, merga dhisertasine bakal saya kempel lan kebak daging. Ruhe budaya Jawa kang pancen ngoyot, bakal kagayuh. Seka adegan kasebut, Mbak Kenanga kasil nyathet pitakonan dawa kang bakal ditakokake marang ki dhalang. Merga sing disekseni akeh

antawecana lan geguritan kang diwaca gathuk karo underane tetuwuhan. Tetuwuhan kang ngembang lakone Dewi Sinta.

"Kok kathah nggambaraken tetuwuhan Ki Dhalang? Napa sambunge kaliyan bersih desa?"

"Ooo, kuwi ta. Iki sanggitku bab tetuwuhan. Tetuwuhan kang ngrenggani Dewi Sinta, merga dheweke kuwi titising dewan Sri, dewaning tetuwuhan. Mula pakeliranku iki ora nganggo lakon Sri Mulih, merga Dewi Sinta iku wis jelas dadi panjalmane widadari kang ngendhaleni suburing tetanduran."

"Kula lajeng kendel le nyetel, selak kepengin ngertos werdinipun wit-witan ingkang boten uwal saking kapitadosan Jawi deles. Elok sanget wayang menika. Kula ugi tumut mbrebes mili, menawi nyetel dumugi godha rencananipun Dewi Sinta ingkang kelunta-lunta tur tumlawung. Cobi Ki, niki kula setele malih nggih pas perangan adegan aneh menika. Mangke kula nyuwun priksa malih."

"Ya Mbak, aku ya malah pengin melu krungu. Sebab yen lagi mayang, sok mili karepe dhewe gagasanku. Kadhang ana bab sing aku dhewe ora ngira kok tekan sing semono." Tekan pungkasan wangsulane, ki dhalang melu ngrungokake adegan sing disetel Mbak Kenanga. Wong sakloron katut ilining adegan kang ngemu surasa nabet.

Ana godhong kumleyang, kang nggeterake dhadha. Godhong salembur iku tiba ing pangkone Dewi Sinta. Godhong iku dening ki dhalang kok digambarke bisa guneman tandhes marang Dewi Sinta kang lagi nandhang raga. Nandhang susah merga kepengin nggoleki wit kang godhonge robyong kang tau tinemu ing sejarah uripe. Urip kang durung nyesep pait getir.

"Sang Dewi, mesakna aku, ayo dadia wit kang bakuh, aku pengin kok anggep werdining sihmu. Merga wis suwe, aku kelangan wit kang tau nguripake jiwa ragaku. Nanging wit mau saiki ora cetha papan dununge, embuh ana ngendi."

"Lo, godhong aja ngece ta ya. Kok tembungmu, kaya uga memper karo sing daklakoni sajroning titi mangsa iki. Aku uga wis suwe kelangan wit sing tau dadi panutaning uripku. Nganti seprana-seprene uripku mung kaya kleyang kang kabur tekan ing segara, manut ombaking banyu kang kadhang nggugu karepe dhewe."

"Duh pepujanku, dadia wit purwa sejati, aja malah anyep. Aku kepengin suwita. Sawangen mripat kedher kang pijer nyamber pang-pang garing. Tumungkul kaya kebakar blegering wit kang wis lali marang godhong lan oyode. Sang Dewi, sliramu kang cundhuk kembang melathi. Sang Dewi kang agelung gambir suruh, aku pengin suwita, dadia wit seger, kareben bisa ngusap laku kang ora langgeng. Aku

kangen wit kang dakgoleki, dakrewangi nyasak eri bebondhotan, mungguh mudhun jurang curi. Pengin witku bisa bali ngrembuyung, kareben ora pijer kesaput mendhung.”

“Ya, uwis aja kok trusake tembungmu seklimah iku banget ngrerujit atiku. Ngertia, aku uga lagi nggoleki wit kang robyong-robyong, kang tau ngembang uripku. Aku uga kepengin adeging taman kang katanduri wit nagasari, sing tau dadi seksi nalika godhonge lara kanggo dolanan angin sore. Saiki badan wadhagku, kaya wit kang mragasi. Mung ana patang lembar godhong kang gumeter ing pang-pang garing.”

“Ngeres Sang Dewi, daksawang isih tetep ana kupu-kupu kang gelem mencok ing pang-pangmu, mula aku kepengin nempel ing ing pangmu. Kupu-kupu iku uga butuh kasetyan, nalika tapa brata sajroning pang-pangmu. Najan aku ngerti, menawa nggonku dadi godhong iki salawase urung tau kencokan kupu, nanging aku melu kasengsem nalika kupu-kupu iku mencok ing kembang. Mung wae, kabeh mau kari dadi klangenan urip kawuri.”

Tekan semono anggone wawan rembug ganda rasa ing pakeliran, nalika Dewi Sinta ketiban godhong. Godhong kang ngidham pasuwitan, merga suwe koncatan wit pilihan. Mbak Kenanga meneng sedhela, kepengin ngrasakake sepira papa cintrakane godhong kang koncatan sihing wit. Dheweke mbenerake menawa ki dhalang pancen ganep sanggit lan antawecanane. Akeh bab kang nrenyuhake.

Mbak Kenanga gumun. Njur ngacungi jempol marang ki dhalang sing baut nata sanggit, sarta gawe kembang-kembange lelakon. Sadurunge nlesih pitakon marang ki dhalang, mbak Kenanga mbacutake anggone nyetel rekaman. Ing adegan pungkasan iki wis ngancik pathet manyura. Gendhing uga tansaya seseg. Njur keprungu Suluk Pathêt Manyura Wantah.

*Mèh rahina sêmu bang Hyang Aruna,
kadi nétrané abor rapuh,
sabdané kukila ring kanigara,
sakêtêr kêkidungan ningkung,
lir wuwusing winipanca,
papêtaking ayam wana ring pagagan,
mêrak anguwuh ,
brêmara ngrabasa kusuma ring tetuwuhan arum.*

“Godhong, yen kepengin banget nggonmu bakal nemplek ing awakku, semurupa. Aku kepengin amblesing bumi wae, kepengin nggoleki sedulurku sinarahwaikang aran oyot. Aku butuh ketemu, pengin kandha nedha nrima, nggonku wis sok nglalekake.”

‘Sang Dewi, daksawang ing sikilmu wis tuwuh oyot-oyot, kang nggegirisi. Sedhela meneh bakal kasembadan kang dadi sedyamu. Uripmu bakal

sampurna. Yen ngono aku uga kepengin tutwuri. Kareben uripku katut mulya, ora pijer kasiya-siya dening trekahe manungsa kang sok lali marang tanggung jawab.

Dewi Sinta lan godhong selemba wis sarujuk, mecaki njeron bumi. Godhong kasebut dadakan cumblok ing bumi, ngoyot jero. Kaya-kaya dheweke bisa nemokake werdining urip sampurna.

Kang kaprunggu seka kupinge Mbak Kenanga, lon-lonan ki dhalang wiwit nyaut gunung. Bab iku mratandhani pakeliran bakal tancep kayon. Mula seka iku, Mbak Kenanga tetep namatake pakeliran kasebut nganti pungkasaning crita. Dheweke rumangsa lega, merga sinambi nulis dhisertasi, ning uga bisa sinau babagan urip sejati.

“Godhong, wiwit iki aku percaya marang tulusing atimu. Daksawang katon ana wit robyong seka nggonmu cumblok ing lemah. Aja-aja ya wit robyong iku kang suwe dakgoleki, nalika takon marang playune angina sepi.”

Ya, Sang Dewi matur nuwun banget, wit bisa nuduhake marang sampurnaning uripku. Lan daksawang oyot-oyotmu saya baku, tur ngganda wangi cendhana. La kok kuwi oyotmu tumuju ngulon bener kuwi, arep menyang ngendi?”

“Aku bakal nggoleki tukung oyot kang bisa ngetokake banyu bening. Wis suwe nggonku duwe gegadhang iki. Merga, ing jagad rame, aku mung pijer nemu tuk-tuk kang butheg. Tuk butheg kuwi selagine iwak wae emoh, apa meneh aku.”

“Yen ngono, aku uga kepengin. Kareben godhongku tetep sumunar, ora mung ngayomi, ning bisoa ngayemi sapa wae.”

Klik. Tekan kono, pakeliran rampung. Dhalang wis nableg gunung ing tengah kelir, pas papane Dewi Sinta lan godhong ambles. banjur trubus tetuwuhan robyong ngganda arum. Ki dhalang mungkasi pakeliran kanthi nembang megatruh rara nangis laras pelog pathet barang.

*wus pinesthi dadi garising hyang agung
bersih desa kang kaesthi
sinta robyong kang cinatur
muga dadiya pepeling
desa kene bakal mulya*

Lebar nembang ngungkung, ki dhalang gage ngudhunake sajen kang ana sak ndhuwur dhalang. Byong Sajen kang wujud tumpeng robyong iku isih urip lampune seka uceng-uceng lenga klentik. Njur digawa menyang nggon pitik dhèrè kang dicancang ing cedhak gong. Pitik iku mberot, petok-petok. Njur diuculi. Nglubuk mabur tekan plataran. Kasusul unine gendhing ayak-ayak pamungkas suwuk. ****

Gêthèk

Dening: Herlina S.



Bu Darmo katekanaan dhayoh saka Kalimantan. Dhayohe dudu wong liya, nanging anak lan mantune. Daleme kang prasaja iku katon resik lan tandurane temata rapi. Ing latar kang ora amba iku ana montor rodha papat warna abang ngejegreg rada mepet dalan. Tangga kiwa tengen sing kulina lewat latare Bu Darmo minger golek dalan liya. Mula bukane saka kedaden anake Waris ora sengaja nyenggol kaca spion montor sing diparkir kuwi nganti alaram muni. Kamangka anak lan mantune Bu Darmo lagi nyekar nang sarean sing rada adoh saka daleme Bu Darmo. Krungu swara alaram sing ora enggal meneng, Bu Darmo metu saka daleme.

“Sapa kiye sing nyenggol montor?” pambengoke Bu Darmo.

Tarjo sing isih njagong nang ndhuwur sadhel gage mudhun lan awèh wangsulan, “Nyuwun pangapunten mbokdhe, kula boten sengaja.”

“Oooo.... kelakuanmu, karepmu apa Le?” Bu Darmo duka yayah sinipi.

“Kula boten sengaja Mbokdhe, nalika kula ngepit roda pit kula nggreyol krikil lajeng stang pit kula nyenggol niku kaca.” Tarjo ndingkluk keweden.

“Bocah ra urus, piye kuwi nek njuk muni wae ngono kuwi hah?” Bu Darmo methentheng.

“Nyuwun pangapunten... kula nyuwun pangapunten.” Tarjo prembik-prembik arep nangis didukani Bu Darmo.

Begja, ora let suwe anak lan mantune Bu Darmo bali. Gagean mantune Bu Darmo sing jenenge Ashudi mlebu ngomah njupuk kunci. Kunci montor banjur dipencet amrih alaram sipet. Pasuryane Bu Darmo wis malih sumeh, lan Tarjo banjur digusah lunga.

“Rus, iku Nak Ashudi digawekke unjukan, kae lho ana kopi ireng karemenane!” Bu Darmo kongkon Rusmiati supaya nggawekake wedang bojone. Sing dikongkon banjur menyat menyang pawon. Dene Bu Darmo metu ngomah menyang warung.

“Wah mantune wis sukses, bali kampung bisa nggawa mobil. Nyambut gawene nangendi Bu?” pitakone Lastri, sing duwe warung.

“Mulang nang kampus ngono, jenenge... emmm apa ya jenenge...” sajak mikir apa pagaweane Ashudi, “ooo iya jenenge dhosen. Mulang bocah gedhe-gedhe ngono jare.”

“Oh... penak ya uripe Rusmiati, duwe bojo dhosen,

duwe mobil.... wah jian” Lastri gedheg-gedheg karo mesem.

“Ya kuwi wis rejekine Ati, duwe bojo bagus, sugih pisan... “ Bu Darmo ngalem mantune. Si Lastri uga ngimbuhi nganti rembugan sing maune ngrembug Ashudi dadi kedawa-dawa ngrembug Permadi, mantune Bu Warsini. Bu Warsini duwe putra asmane Dewi. Dewi iku minangka guru TK ing laladan kono. Dene bojone, Permadi, mung usaha tetanen. Sejatine si Permadi iku wonge pinter, lulusan saka pawiyatan luhur, kasil nggembol gelar sarjana pertanian. Mung emane si Permadi luwih milih manggon desa mbiyantu mara sepuhe ngolah sawah. Bu Darmo ora ana enteke ngala-ala Permadi sing wonge bagus lan lulusan pawiyatan luhur nanging mung saba ing sawah. Permadi dibandhing-bandhingake karo Ashudi, mantune. Nganti ora krasa wektu rumambat kanthi cepet. Bu Darmo pamit mulih.

“Saka ngendi Bu?” Pak Darmo nakoni bojone kang nembe bali saka warung.

“Saka warunge Lastri, golek janganan kanggo sesuk Pak.” Bu Darmo njujug pawon. “Pak, bocah-bocah padha menyang ngendi?” Bu Darmo mbengok saka njero pawon. Sing ditakoni ora langsung awewangsul. “Pak? Ditakoni kok mendel wae ta?” Bu Darmo nggawa unjukan banjur diglethakake ing meja.

“Lha piye arep mangsuli, sibubana pawon ngono kok ya.” Pak Darmo lungguh ing jejere Bu Darmo.

“Bocah-bocah lagi padha nang omahe Dewi, kulon kae. Layak kanca jaman isih cilik, paling ora bali ndesa ngono banjur nemoni kanca kanggo awewangsul kabar marang kanca kenthel.” Mireng ngendikane Pak Darmo, Bu Darmo menjeb. “Bu, mau Ashudi kandha arep nembung marang Pak Tejo supaya gèthèk sing dipasang ing kebone kae rada digeser ngalor supaya montore Ashudi bisa mardika anggane liwat. Yen ora digeser jare kemepeten, bodhi mobile bisa tatu-tatu.” Bu Darmo sajak rada mikir. Pak Tejo iku garwane Bu Warsini. Kawit biyen wong loro iku ora ana cocoke. Senajan anake, si Rusmiati karo si Dewi kanca kenthel, ibu-ibune ora ana akure. Yen kepethuk gathuk mesthi padha mlengose. Yen ana pawarta sing ora nyenengake banjur digedhek-gedhekake. Pancen urip nang ndesa kono yen ora kuwat kuping mesthi wargane padha bebeh ngrungokake bu Darmo lan bu Warsini sing saben ketemu mesthi padu. Pancen padha ora ideb isin, nanging kaya-kaya wis dadi pakulinan.

“Assalamu’alaikum...” Ashudi lan Rusmiati uluk salam.

“Wa’alaikumsalam...” Bu Darmo lan pak Darmo awewangsul meh barengan.

“Piye Nak, kasil rembugan nang daleme Pak Tejo? Apa Pak Tejo kersa paring idin?” Bu Darmo nlesih sajak pengin ngerti.

Ashudi lan Rusmiati lungguh. Kalorone mung pandeng-pandengan, arep awewangsul sajak abot. Sawise ngenam pikir sawetara, Rusmiati wiwit miwiti rembug.

“Mekaten Bu, kula sampun matur dhateng Pak Tejo, piyambake...” Rusmiati nata ambegan, “Piyambake kersa nggeser gèthèk nanging ngentosi woh jeram sampun dipunundhuhi.” Rusmiati nginguk marang bojone. Sing disawang rumangsa oleh sasmita banjur mbacutke rembug, “Inggih Pak, leres aturipun Rus.”

Ing jero batin Bu Darmo nguman-uman Pak Tejo. Mesthi woh jeruk sing dikandhakke kuwi mung kanggo alesan supaya gèthèke ora digeser. Sejatine sing dadi undherane perkara mung ora seneng marang kamulyan sing lagi disandhang anak lan mantuku. Lha piye ora seneng? Wong anak mantuku wis kasil nggawa montor rodha papat, sukses dadi dhosen ing Kalimantan, lan anggon-anggon kaya ta gelang kalung sing dienggo Rusmiati kuwi lak ya bisa gawe meri Bu Warsini. Huhhhh... wong kok senenge eren kameran.

“Ngapa Bu kok menjab menjeb?” ora nyana ora ngira Pak Tejo mriksani ulate Bu Darmo sing sajak ora rena.

“Ah Bapak, ora kok Pak, ora ana apa-apa.” Bu Darmo banjur menyat saka palungguhan banjur nuju pawon, dene Rusmiati banjur mlebu kamar. Sing isih nang ruwang tamu wong loro, Pak Darmo lan Ashudi. Kalorone mikir kepiye carane bisa mbujuk Pak Tejo supaya kersa nggeser gèthèke. Gèthèk kang gawe ruweting pikir kanggo Ashudi. Sejatine montor sing digawa bali Ashudi kuwi montor silihan. Dheweke nyilih kanca kantore sing kebeneran manggon ana Jogja. Nanging perkara kuwi ora diblakakake marang bapak ibu mara sepuhe. Kabeh kuwi mung kanggo njaga rasa supaya bapak ibu mara sepuhe bisa nampa Ashudi kanthi becik. Awit satemene, Ashudi kuwi mung anake wong tani. Iku wae dudu tani tenanan alias buruh tani. Banjur Ashudi akal-akalan menyang Kalimantan golek gawean. Begjane Ashudi ditawani dadi dhosen ing salah sijining pawiyatan luhur swasta. Kalodhangan mung teka sepisan, mula kalodhangan kuwi banjur dijupuk. Ashudi sing asli Kulon Progo dadi dhosen ing Kalimantan. Saben prei semesteran dheweke bali ndesa. Lha yen ngepasi

bali ndesa iku asring kepethuk Rusmiati kang nyambut gawe ing counter karcis. Awit saka iku banjur thukul rasa tresna. Rusmiati ora nulak dilamar dening Ashudi. Taun iki minangka taun kapindho kalorone mbangun bale wisma. Supaya bisa gawe mongkog wong tuwane, Rusmiati ngerih-erih bojone supaya gelem nyewa mobil lan mas-masan. Satemene Ashudi rada kabotan, nanging luwih abot rasa tresnane marang Rusmiati. Mula Ashudi banjur sarujuk.

“Pak, piye Pak yen Sampeyan sing menyang daleme Pak Tejo?” kandhane bu Darmo marang garwane.

“Aku ora kepenak Bu, pancen woh jeruke lagi ndadi. Yen gêthèke digeser bisa-bisa wohe padha rontok.” Pak Darmo momong atine bojone. Nanging bojone sajak ora preduli marang omongane sing lanang.

“Ya wis Pak, aku dhewe sing arep kandha.” Pak Darmo arep menggak bojone nanging ora tekan amarga Bu Darmo mbrabat metu ngomah ora pamit.

Tekan ngarep warung, lakune Bu Darmo dicegat Lastri. “Arep tindak ngendi Bu, sajak kesusu?”

“Arep menyang daleme Pak Tejo.”

“Wah kadingaren Sampeyan ana perhatian marang kulawargane Pak Tejo. Aku mentas saka kana. Permadi, mantune Pak Tejo arep entuk pengaji saka pamerintah provinsi amarga dadi panutan sarjana preduli desa. Senajan wis sarjana nanging isih mikirake kemajuan desane, mbangun desane. Mula awan iki kulawargane Pak Tejo arep menyang kutha

kanggo nampa pengaji-aji kuwi.” Mangkono katerangane Lastri. Bu Darmo mung ndomblong. Ora ana tembung kang bisa metu. Sidane Bu Darmo bali mulih.

“Lha kok cepet Bu, sida menyang daleme Pak Tejo?” pitakone Pak Darmo.


“Ora Pak, daleme kosong, lagi padha tindak kutha.” wangsulane Bu Darmo cekak.

“Lha lbune kok ulate peteng ngono, ana apa?”

“Piye ora mbedhedheg Pak, si Lastri cerita nek Permadi arep entuk pengaji-aji saka pamerintah amarga kasil dadi sarjana mbangun desa, anggone cerita kaya-kaya nyindhir awakku. Aku ya jengkel ta Pak!”

“Lho... Ibu ki piye ta, nyindhir sing kepiye? Ibu mrene takkandhani ya, durung mesthi sing diceritakake Lastri kuwi kanggo nyindhir Ibu. Uwis ora perlu dipikir maneh. Perkara gêthèk ora usah dirembug maneh. Aku wis kepethuk Pak Tejo nalika piyambake lan kulawarga arep budhal menyang kutha. Rembugane wis mateng. Nek arep nggeser gêthèk, dhewe kudu tuku wit jeruk sing rusak. Kari diitung wae pira akehe wit jeruk sing bakal rusak iku.

Bu Darmo tambah peteng ulate. Ganti rugi wit jeruk sing rusak mesthi bakal akeh dhuwit sing kudu diwetokake. Kamangka anggone Ashudi lan Rusmiati mulih desa iku amarga ana perlu nyilih dhuwit kanggo pawitan tuku omah ing Kalimantan. ()



Gethuk Lindri Pelangi

Dening: Elisa D.S.



Bel pratandha wayah mulih sekolah muni banter. Lily ngringkasi buku lan alat tulise, salim marang wali kelas, banjur tumuju warung resik ing kiwane sekolahan.

Lily uluk salam. Sawijining priyayi putri sing yuswane undha-undhi karo ibune Lily njawab salam sinambi mbukak lawang.

“Lily, matura ibumu, ya. Gethuk lindrine isih sisa patbelas. Dhuwite telung puluh enem ping sewu limang atus, dadi seket papat ewu ya, Ndhuk.” Bu Nungki maringne lembaran dhuwit gambar pahlawan werna biru lan soklat marang Lily.

“Wangsulanipun setunggal ewu nggih, Bu Nungki.” Lily gage-gage ngrogoh esak.

“Wis, ora usah. Sing sewu gawe jajanmu wae.”

Lily manthuk. “Matur nuwun

sanget, Bu Nungki. Dalem nyuwun pamit, nggih.”

Lily ngaturna wadhah jajan lan dhuwit marang ibune. Bocah manis kelas lima kuwi ambegan dawa.

“Ana apa, Ndhuk? Sajake kaya susah?” Ibu ngelus rambute Lily.

“Kirang langkung semingguan niki gethuk lindri mboten telas sedaya, Bu.” Lily ngempet supaya kaca-kaca ing mripate ora ceblok dadi udan luh.

Ibu mesem. “Ora pa pa Lily, rejeki kuwi wis diatur Gusti Allah. Senajan mung payu sethithik, ora perlu gela, kudu tetep disyukuri. Aja nganti dadi menungsa kuwi kufur nikmat, sing disawang mung materi wae.”

“Astaghfirullah. Inggih, Bu. Lily supe menawi kathah nikmat saking Allah kados kesehatan, keimanan, kalih lintu-lintunipun

sing mboten saged dipunsebut setunggal-setunggal.”

“Nah, kuwi sing dimaksud ibu. Apa maneh keimanan, iku bab utama sing kudu disyukuri.”

Lily manthuk-manthuk. “Lajeng, kados pundi caranipun supados dagangan ibu saged laris malih, Bu?”

“Awake dhewe kudu nduweni terobosan anyar, Ly. Kira-kira apa sing marakake bocah-bocah seneng maem jajanan tradhisional gethuk lindri iki.”

Lily meneng. Atine mlayu mrana-mrene mikirne dhawuhe ibu.

“Ora usah dipikir, Ly. Iku ngono tugase ibu. Lily kudu fokus sinau supaya dadi wong sing pinter lan manfaat gawe umat. Ayo, ndang shalat dhisik, banjur maem. Ibu wis masak sayur bayem karo dadar jagung senenganmu.”

“Inggih, Bu.”

Ing wayah sore, Lily sing wis

katon seger bar adus, lungguh ing ruwang tamu maca majalah anak-anak. Dumadakan, dheweke mlayu nang pawon marani ibu sing lagi ngonceki pohung.

“Bu, menawi gethuk lindrinipun werna-werni kados jajan rainbow cake niki, sae napa mboten?” Lily ngaturne majalahe marang ibu.

Ibu mirsani gambare, banjur maos keterangan babagan jajan modheren kuwi.

“Wah, apik iki, Ly. Kebeneran, ibu duwe sumba panganan aneka werna.”

Lily mesem kebak rasa bungah.

Ora krasa, wis seminggu iki jajan tradisional sing digawa Lily laris manis, entek resik ora ana sisane babar blas. Senajan regane mundhak sithik dadi rong ewu, kabeh padha seneng tuku gethuk lindri sing ayu-ayu kaya pelangi. Sawadhah mika cilik isine rong werna. Ana sing biru karo kuning, ijo karo abang, utawa putih karo wungu.

“Patang puluh sanga ... pas seket. Lily bidhal, Bu.”
Lily ngambung tangane ibune,

pamit budhal sekolah karo nggawa wadhah isi gethuk lindri pelangi.

Sekolahan isih sepi. Lily nyelehne tas, banjur menyang warunge Bu Nungki. Ing ngarep gerbang, Lily kepethuk Ria lan Ita.

“Ly, nyuwun gethuk lindrine siji, ya,” jare Ita.

“Sepurane, Ta. Jumlahe pas.” Lily mesem.

“Huhh, medhit banget. Mosok siji wae ora oleh. Ibuku ora bakal ngerti, kok.” Ria meksa mbukak wadhah gethuk lindri.

“Ajaaa!”

Ria lan Ita ngedohi Lily sinambi bisik-bisik. Lily sedhih nyawang kancane loro kuwi. Senajan Bu Nungki wis percaya marang dheweke lan ora nate ngitung cacah gethuk lindri sing disetor, nanging bocah manis rambut dawa iku duwe prinsip ora bakal njupuk siji-sijia gethuk lindri pesenane ibuke Ria. Lily unjal ambegan dawa, siyap njupuk resiko dimungsuhi kancane amarga prinsip kejujuran sing diugemi.

Wektune lumaku terus. Ora krasa, wis sawulan iki gethuk lindri pelangi dadi jajanan

favorit sing tansah digoleki dening arek-arek sekolah uga uwong tuwa.

“Lily, gethuk lindrine wiwit sesuk tambah seket engkas ya, amarga akeh pesenan saka kantor-kantor,” ngendikane Bu Nungki.

“Alhamdulillah. Inggih, Bu.”

Sesuk isuke ...

“Ta, aja dulinan karo Lily. Bocah medhit.” Ria njawil Ita.

“Sik, toh.” Lily ngewehna kothak kerdhus marang Ria lan Ita. “Iki titipan saka ibuku.” Bocah loro kuwi pandeng-pandangan, banjur mbukak kothake dewe-dewe. Pranyata isine rong wadhah mika isi gethuk lindri pelangi.

“Sepurane yen kapanane aku ora bisa menehi gethuk lindri. Senajan ibune Ria wis percaya lan ora nate ngitung cacah gethuk lindri sing daksetor, nanging aku ora wani njupuk masia mung siji, amarga Allah tansah mirsani apa wae sing ditindakake manungsa. Iki maeng ibuku sengaja nggawe luwih, gawe rasa syukur pesenane tambah akeh.”

Praupane Ria malih kaya urang digoreng amarga isin.

“Apuan aku uga ya, Ly. Kowe pancen bocah sing jujur.”

Ria ngelungne tangan. Semono uga Ita, salaman karo Lily.

Lily manthuk lan mesem bungah. Bocah telu kuwi banjur mangan gethuk lindri pelangi sinambi omong-omongan ing ngarep kelas.

Gresik, 6 Februari 2019



Tangan Kiwa kang Koklirwa

nganti tumekane saiki kowe isih kerep nganggep
tangan kiwamu kaya-kaya satru
senajan yen tega uwal sengara mokal
daklali-lali penganggepmu iku
nanging kaya tansah sumriwet ing pangeling-
elingku
daklali-lali penganggepmu marang tangan
tengenmu
kang sajak tansah nuwuhake rasa bombongmu

dakrungu pawarta
jare tangan kiwamu nandhang lara
abuh kecekrek benthung wadhah trasi
nalika lagi kokkumbah kokresiki

apa bener
kowe nganti tega marang tangan kiwamu
kang babar pisan ora kokwenahi kalodhangan
lelambayan
ing saben lakumu
mecaki dalan-dalan

Ratu Shima, Ratu Kalinyamat dalam Raden Ajeng Kartini

Saumpami, saumpami
Kula dalah panjenengan
Saget mireng kumlesikipun Ratu Shima, Ratu
Kalinyamat
dalah Raden Ajeng Kartini
ing bunderan Ngabul Jepara
ingkang sampun mawujud reca
O, raos lingsem badhe mbrubul saking mbun-
mbunan
ugi saking sela-selane iga
saking manah kang katungkul legawa

Kumlesikipun Ratu Shima dateng Ratu Kalinyamat
:
Wiwit warsa nematus pitungpuluh papat
nganti warsa sewu limangatus patangpuluh sanga,
Kalinyamat
coba gunggung
Wis wolungatus pitungpuluh lima warsa
Coba panggalihen wis pira cacahé wanita

kang mbrojol saka guwa garbane wanita-wanita
Jepara
O, wis mayuta-yuta
Nanging mung aku dalah sliramu
Kang tansah ngrenggani pawarta
Jare kang bisa gawe arum lan kuncaraning bangsa
Jare kapara nganti tekan rangkah njaban negara

Saumpami, saumpami
Kula dalah panjenengan
Saget mireng kumlesikipun Ratu Kalinyamat
dateng Raden Ajeng Kartini
Raos lingsem tansaya tajem njarem
Nini Kartini, telungatus telungpuluh warsa
Suwene antarane aku ana sliramu ana
Kang durung nate dakrungu
Endi sulur gentimu, endi sulur gentiku
Kang jare bisa gawe arum lan kuncarane negara
Endi maneh anak-putu, buyut-canggih
Kang nerusake perjuwanganmu

Ing sangisore patung Ratu Shima, Ratu Kalinyamat
lan Raden Ajeng Kartini
Ing bunderan Ngabul Jepara
Pating sliwer kendharakan, bledig-bledigan
Saka kadohan panjenenganipun tiga-tiganipun
eram
Kok akeh kreta tanpa kuda
Bisa nggendring rikat playune
Para kanoman padha regejegan, cekikikan
pacaran
Cekrak-cekrek potret-potretan

Saking tebih ugi, sinambi nguladi
Ratu Shima, Ratu Kalinyamat
dalah Raden Ajeng Kartini netesake waspa
dhuh tuladha, kang arang banget gelem memaca

Biodata Panggurit:

Panggurit iki wis ngasilake karya-karya sastra awujud cerkak lan geguritan. Saiki lenggah ing Jalan Kartini 2, Jepara

Tansaha Rahayu, Ibu...

Ibu...

Putramu kang isih ngumbara
kabuncang ing maruta
Kepengin bisa mabur ing antarane mega-mega
Manganjali ing handap ampeyanmu
Ngrangkul wujudmu
Ngesok rasa kapangku

Nanging....

Mega durung bisa kawiyak
Lakuku kagubel ing pepenginane awak
Nggayuh kamulyan kang pepak

amung donga pangestumu tansah rinasa
lumintu ngebaki jagadku
dadi lenteraning lakuku
Ibu....

Putramu durung bisa sowan
Mung bisa dedonga
Mugia tansah rahayu...



Kanggo Anakku

Ngger anakku...

Atiku miris kaya diiris iris welat kang tipis
Dulu handphone, ipad, lan tablet
Barang antik kang dadi pokoking urip
Jaman iki

Internet wis dadi pangananmu kang pengaji
seka esuk nganti tumekaning ratri
kaya lading kang lungit
yen ora ngati-ati....
Bisa mbusak kautaman, nuwuhake wit-wit
kamurkan
Gawe dredah angambrah-ambrah

Ngger... anakku

handphone iku perlu
Nanging aja ketungkul temah dadi pruthul
Gunakna kanggo nggayuh mulyaning uripmu

Biodata Panggurit:

Panggurit kang asmane Kuntari Purwaningsih, S.S. iki asale saka pesisir kidul, Parangtritis. Sawise lulus saka Sastra Jawa UGM banjur ngasta ana ing SMA Negeri 9 Purworejo. Saiki manggon ing Purworejo.



Jateng gayeng

Sumunare srengenge kang mlethek isuk iki
Mertakake dina bakal ora kamendhungan
Angin sumilir ngrajut awak
Lumakuku ngawang-ngawang
Ana ing segaraning pangangen
Cahya warna abang rampak-rampak
Pratandha ngajak jalma miwiti makarya
Ngobahake raga, ngudi rejeki ngluru pangupajiwa
Nyeyuwun nugrahaning kang Maha Rat
Jago kluruk sesautan miyak cahyane srengenge
Kaya padatan njalari donya iki tangi
Panas sing sumeblak diwiyak angin adhem mabit
Bumiku tresnaku aweh pratandha kabeh rasa
Tlatah kang dadi papan uripku
Jawa Tengah kawentar kapribadene
Kuthaku Jawa Tengah bumi kang asri
Bumi kang gumelar jembar
Kaendahanmu, kaelokanmu, lan kaasrian bakal
dak jaga
Bumiku Jawa Tengah
Apepayon langit ing pucuking alun
Wiwit dak kidungake tresna iki
Jateng Gayeng
Liwat getering angin kang sumilir
Sadawaning laku kang sepi tak ceritakake
Bungahing atiku, mongkoking rasaku
Nyawiji batinku bisa mbuktekake
Guyup rukun anambut kardi ing tlatah iki
Kuthaku Jawa Tengah
Sugih budaya, adat lan bumi alame
Puji syukur matur nang Gusti Allah
Marang kaendahan isine bumi kudu dijaga
lestariane
Para mudha gumregaha
Buktekake tlatah iki kebak pangarep-arep
Jawa Tengah kang endah
Mongkoking rasa bungahe atiku
Jateng kuthaku, kutha kang sugih kabudayan
Tatanan kang mrabawa
Unggah-unggah kang utama
Iku kabeh minangka dudutaning bumiku
Jateng Gayeng

Mongkoking Rasa

Takcoba wiwit nggurit
Ing kene ana panggonku
Bumi asri kang gumelar jembar bakal ngancani aku
Cumloroting sang bagaskara wiwit madhang jagad
Nyenyuwun nugrahaning kang Maha Rat
Cinathet ing jroning ati
Niyat mbangun rasa seneng, tresna, lan melu nduweni
Saka sakabehing pamuji
Tentrem saka sakabehing rasa
Bumi Jawa Tengah bakal tetep kawentar kapribadene
kang becik, sugih kabudayan, sugih pangan lan
sandang
Ora wigah wigih, ora pilah pilih
Kabeh direngkuh kanggo nggayuh kaberkahan
Mugya Gusti paring kanugrahan Jati
Gedhe niatku, nyawiji batinku bisa njangkahi lan
mbuktekake
Kabeh guyub rukun anambut kardi ing tlatah Jawa
Tengah
Aku bungah, aku mongkok sajroning swasana tentrem
lan mardika
Gilig ing tekad manunggal cumithak jroning ati
Bebarengan ambangun Nuswantara iki
Isining atiku mung ana rasa bungah, nanging ora dadi
pongah
Prasetyaku thukul saka ati kang tulus bisa mujudake
Jawa Tengah
Kang ngrembaka kebak kanugrahan lan kasantosan
Supaya bisa njaga langgenging kamardikan lan ngadohi
congkrah
Lemah kang subur, angin kang nggawa ganda arum
melati
Bumi kang tentem, iku kabeh saka berkahing pamuji
Generasi mudha kang bisa mujudake kabeh iki
Ayo padha gage, padha cicing, padha mbuktekake
Aja amung melu lakune angin
Aja gampang kapincut
Aja gampang kasanjung
Aja gampang tumindak kang bisa gawe cilaka lan
sengsara ing tembe
Amung ana tanganmu tlatah kang gedhe iki bisa
ngrembaka
Amung ana tanganmu kabeh bisa kawujud
Amung ana tanganmu samudayaning bisa kasembadan
Kapribaden kang kebak kabudayan
Tatanan kang becik, patrap kang mrabawani
Uga tutur laku kang utama
Kuwi kabeh saka sliramu
Donga pamuji kebak kaendahan kanggo wutah getihku
Jawa Tengah kang dadi papan uripku

Biodata Panggurit:

Panggurit kang asmane Triana Kanthi Wati, S.Pd. iki lulusan Unnes.
Saiki sadina-dinane ngasta ana ing SMA N 1 Sapuran Wonosobo


KEMLETHAK

Klethak...klethak....
Dadi wong ki aja kemlethak
Sebab kabeh-kabeh wong ki mesthi pingin ngeplak
Klethak...klethak.....
Aja kemlethak olehe ngomong
Sebab kabeh-kabeh wong ora bisa momong
Momong pangarepan
Momong klakuan
Uga momong tumindak lan ujaran

Klethak...klethak.....
Dadi wong ki aja kemlethak
Sebab kabeh-kabeh wong mesthi pingin
ngethak
Aja kemlethak pangarepan
Ndadekke nalar ora empan papan
Aja kemlethak klakuan
Ndadekke manungsa kaya kewan

Klethak...klethak....
Dadi wong ki aja kemlethak
Sebab manungsa urip kaya dolanan sekak
Kadhang kala menang lan bisa nyekak
Kala-kala mati merga kena sekak

Klethak...klethak....
Dadi wong ki aja kemlethak
Saben wong duwe mangsa
Saben mangsa uga ana menungsa



CLUTHAK

Cluthak
Salah sijine sifat manungsa sing kudu ditata
Cluthak
Yen ora ditata mung nggawe rusak
Rusak tatanan
Rusak seduluran
Rusak sakabehan

Cluthak
Salah sijine sifat manungsa sing kudu ditali
Cluthak
Yen ora ditali bisa ngilangke mawas dhiri
Ngilangke nalar
Ngilangke rasa kamanungsan

Cluthak
Salah sijine sifat manungsa sing aja diumbar
Cluthak
Yen diumbar bisa agawe bubar
Bubar sesrawungan

Cluthak
Salah sijine sifat manungsa sing aja diuja
Cluthak
Yen diuja bisa agawa bebaya

Cluthak
Salah sijine sifat manungsa sing kudu dielakna
Cluthak

Biodata Panggurit:

Panggurit iki kalairan Purwodadi. Saiki minangka peneliti ana ing Balai Bahasa Jawa Tengah.

Īsrā' Mī'raj

Mu'jizat Ingkang Sanyata

Dening: Lutfianto (Ki Lutfi Caritagama)

Dhandhanggula

Sawise ngadhepi siksa fisik,
nalikane Abu Thalib seda,
ugi Khatijah garwane,
Rasul kebak bebendu,
saking tiyang-tiyang kafir,
sakehing aniaya,
uwal ing pangrengkuh,
lakune kedharang-dharang,
nindakke dhawuh Gusti Ilahi Rabbi,
ing tlatah Mukaramah.

Pacoben nalika saking Thaif,
paring bebungah awujud safar,
Isra' lan Mi'raj wujudu,
kanthi bebungah iku,
kados-kados Allah paring,
wejangan pangandikan,
"He Muhammad rasul,
bumi sumpeg langit jembar,
menawa pra warga bumi memungsuhi,
ing Allah langkung mulya".

Pripun Rasul saged anglampahi,
tebih sanget anggenipun safar,
wekdal ingkang boten suwe,
sagede kiyat Rasul,
nampeg hawa lawan angina,
daya pangaribawa,
maruta lan bayu,
minggah Sidratul Muntaha,
papan ingkang inggil sap pituning langit,
bungahe Rasulullah.

Pangkur

Isra' lan Mi'raj mu'jizat,
kedadosan ingkang ngedab-edabi,
saking Gusti Allah tuhu,
panguwasaning alam,
Allah ingkang ngatur panguwasanipun,
yektine nyipta manungsa,
Mu'jizat mung kagem nabi.

wayah dalu wonten cahya,
ngasta Buroq malaikat Jibril,
Rasul sare krasa wungu,
taksih ana ing dhipan,
Buroq ngangkat mbeta raganipun Rasul,
Rasul sholat dados imam,
papan suci Baitul Maqdis.

piwulang ing Isra' Mi'raj,
Isra' dhateng Baitul Maqdis kanthi pribadhi,
nindakaken sholat tuhu,
Mi'raj sidratul muntaha,
pirsa piwales surga neraka estu,
yekti kebak kaberkahan,
nindakaken risalah nabi.

*) Lutfianto, S.S., M.A., ngasta
minangka dwija ing SMAN 1
Pajangan Bantul Yogyakarta

Sing Lugu Kepala

Dening: Ki Sudadi*)

Wus purna pahargyan pawiwahan. Raden Abimanyu wus kadhaupake karo putri Wiratha sesilih Dewi Utari. Jejere penganten anyar kekarone tansah karonsih ngrajut tresna ngreronce asmara. Emane Dewi Utari nora nyumurupi yen satemene Satriya Plangkawati iku wus kagungan garwa aran Siti Sundari. Dhasare wanita utama, Sang Putri nora nggembol rasa cubriya.

“Kakangmas, dinten menika kula ngraosaken kabagyan ingkang tanpa pepindhan dene saged cecaketan kalih Kangmas Abimayu,” ature Dewi Utari.

“Iya Dhiajeng. Nyata kanugrahan kang agung dene aku bisa sesandhingan karo sliramu. Pandongaku mring Pangeran muga-muga katresnan iki langgeng.”

“Nggih Kangmas. Mekaten pangajab lan pandonga ingkang kita sesuwun rintan pantaran dalu. Nanging nyuwun pangapuntan Kangmas, menapa kepareng kula nyuwun priksa satunggaling perkawis.”

“Ana apa Dhiajeng kok sajak wigati? Yen pancen kudu matur, wus daklilani.”

“Ning saestu nyuwun pangaksami menawi kaanggep lepat lho Kangmas.”

“Aja tidha-tidha!”

“Nyuwun sewu, nalika dhaup kala wingi menika Kangmas Abimanyu taksih jejaka menapa sampun nggarwa?”

Mak dheg. Krungu pitakonane Dewi Utari sing kaya kuwi, Raden Abimanyu sakala mendel. Tan ana tetembungan sakecap kang bisa diucapake. Rasane jaja kaya didhodhog palu. Kodheng ing pikir awit sanyatane dheweke wis duwe bojo tuwa arane Siti Sundari, putrine Sri Bathara Kresna saka Praja Dwarawati. Heneng hening sajrone taman padha sanalika. Durung bisa awewangsulane pitakonan kuwi kedadak ana sowane Ditya Kala Bendana, kang nrambul mlebu ing taman tanpa cecala.

“Ae..ae..aku sing eka ene aden!” ature Ditya Kala Bendana kanthi suwara cedhal. Kala Bendana pancen

nora bisa celathu kanthi cetha.

“Kangmas, menika kok wonten buta bajang mlebet taman. Menika sinten?” pitakone Dewi Utari sajak gumun.

“Iya Dhiajeng. Buta bajang iki aran Ditya Kala Bendana, kepetung pamane Raden Gathutkaca.”

“Oh....gek wonten menapa kok mlebet taman tanpa cecala?”

“Mula saweneha sawetara! Coba dakdangune dhisik Dhiajeng.”

“Nggih Kangmas.”

“Aden...ekaku ene diutus,” ature Ditya Kala Bendana.

“Paman! Ampun diterusaken anggenipun matur. Mangga kula ajak medal rumiyin!” wangsulane Raden Abimanyu karo nyaut tangane Kala Bendana.

“Aku anut hae. Alep mbok ajak enyang endi.”

“Dhiajeng, daktinggal dhisik ya. Sajake dhayoh iki pengin matur bab kang wigati.”

“Nggih Kangmas. Mangga sacekapipun.”

Raden Abimanyu banjur nuntun Ditya Kala Bendana metu saka Taman Wiratha kuwi. Ing njaba taman kekarone enggal pirembagan. Raden Abimanyu mencereng netrane sajak duka.

“Paman, sira ngerti aku mau lagi ngapa?”

“Lho aden Abimanyu agi lungguhan alo wong ayu.”

“Iku mau garwaku. Putri Wiratha sesilih Dewi Utari.”

“Oh...ha embuh aku ola pengin eti.”

“Paman teka kene diutus sapa?”

“Lha aden uwi iye? Wis huwe hojo ana omah kok isih holek hojo maneh.”

“Hus! Aja seru-seru! Iku mono barang wewadi. Sanyatane wis lumrah yen satriya iku garwane luwih saka siji, yen prelu papat utawa lima.”

“Oh..aya uwi ta? Ya la papa. Ning iki aku diutus ngajak owe mulih ana omah. Siki Siti Sundari agi ana Pringgadani.”

“Ora bisa Paman.”

“Udu helem!” wangsulane Kala Bendana rada mbengok.

“Yen ngono Paman ora kena dakkandhani. Saiki rasakna iki tanganku!”

Raden Abimanyu sakala kebrangang pikire. Kala Bendana sigra den jempalani. Kupinge dijewer. Irunge dipithesi. Pipine dicewowo. Gulu lan tangane diciweli. Ditya Kala Bendana mung manut wae dipilara. Buta lugu iku tansah sabar, tan bangkit kanepsone. Saya suwe tambah muntab kanepsone Raden Abimanyu, mula tan bisa dikendhaleni. Raden Abimanyu sigra ngunus keris pusaka kanggo ngagar-agari Ditya Kala Bendana.

“Paman, coba sawangen apa kang dakcekel iki?”



“Adhuh! Aja aya uwi! Aku wedi. Wis aku tak ayu hae!” kandhane Ditya Kala Bendana karo mlayu sipat kupung ninggalake Wiratha.

Sidane Ditya Kala Bendana mlayu ninggalake Wiratha. Sawise lega nundhung Kala Bendana saka Wiratha, Raden Abimanyu enggal mlebu taman nemoni garwa kang banget ditresnani kuwi. Dewi Utari takon apa Kala Bendana ora diaturi leren dhisik ing Wiratha. Diwangsulni jare ora kersa diaturi kendel ing Wiratha malah nggeblas bali ing Pringgadani. Sateruse Dewi Utari mbaleni pitakonan kang durung diwangsulni. Raden Abimanyu enggal wangsulan.

“Iya Dhiajeng, satemene aku isih jejaka,” wangsulane ngapusi.

“Saestu?”

“Temenan. Aku ora nate goroh. Malah aku wani supata, umpama aku goroh ngaku isih jejaka, muga-muga mbesuk ing Bharata Yuda Jaya Binangun aku mati dikrocok gaman sewu!” supatane Raden Abimanyu. Sinekseneng jagat kalawan langit kapiyarsa ing ngarsa-Ne Pangeran Kang Maha Agung, mandi kang dadi supatane Raden Abimanyu. Bumi horeg, lindhu gegunturan anyekseni sumpah dora Sang Satriya. Wus ginaris ing pesthi mbesuk ing Bharata Yuda Jaya Binangun Raden Abimanyu bakal gugur ing ayuda kanthi dikrocok gaman sewu dening Sata Kurawa.

Tan kocap kang lagya andon tresna aneng sajrone Taman Wiratha. Kang dadya sambunge crita nora kaya playune Ditya Kala Bendana kang nggeblas bali ing Pringgadani. Ing Taman Pringgadani Siti Sundari, garwa sepuh Raden Abimanyu, lagya pilenggahan aneng sajrone taman. Katon Cangik lan Limbuk kang lagya nglelipur bendarane. Ora antara suwe wus teka ing papan kono Raden Gathutkaca kang kepengin ngancani Siti Sundari. Putrine Narendra Dwarawati iku sajak ora sranta anyranti tekane Ditya Kala Bendana kang diutus mring Praja Wiratha kanggo nakyinake apa kang ditindakake dening Raden Abimanyu nganti ora kondur pirang-pirang dina lawase. Lagi eca wawan pangandikan, kedadak tekane Ditya Kala Bendana tanpa taha-taha.

“Adhuh Paman, teka dangu sanget anggen Panjenengan tindak dhateng Wiratha,” ature Siti Sundari.

“Hiya...ancen adoh hanget...”

“Lajeng kados pundi pawartosipun Kangmas Abimanyu, Paman?”

“Nggih ae...ning siki aden Abimanyu agi ana taman alo....”

“Paman! Paman Kala Bendana, aja diterusake anggane Paman matur,” panyelane Raden Gathutkaca.

“Lha ana apa ta?”

“Cukup Paman! Ayo saiki melu aku,” kandhane Raden Gathutkaca karo ngglandhang tangane Ditya Kala Bendana diajak metu saka Taman Pringgadani.

“Mangke rumiyin! Janipun wonten menapa?” pitakone Siti Sundari.

Satriya Pringgadani iku nora mangsulni pitakone Siti Sundari. Werkudaraputra iku terus ngglandhang Kala Bendana metu saka Taman Pringgadani. Diglandhang nganti adoh ninggalake taman, Kala Bendana manut wae. Sawise tekan papan kang rada adoh, Kala Bendana dikandhani supaya ora nyritakake kabeh kang diweruhi ing taman marang Siti Sundari, nanging Kala Bendana nora gelem manut. Kang kaya iku njalari nesune Raden Gathutkaca.

“Dhasar buta bajang! Ora gelem diajak rembugan. Kudune Paman bisa nutupi perkara iki. Ora kudu crita walaka yen Raden Abimanyu wis nggarwa maneh karo Dewi Utari.”

“Lha aya uwi henenge ola jujul. Aku emoh ngapusi!”

“Ngapusi kuwi yen kanggo kebecikan ora dadi baya pengapa.”

“Emoh...okoke aku emoh.”

“Sepisan siji iki wae Paman dakjaluk ora perlu jujur. Amrih slamet sakabehe.”

“Emoh...ngapusi uwi hosa.”

“Pancen wis ora bisa diajak rembugan. Saiki tampanana kepelan tanganku iki!” kandhane Raden Gathutkaca karo njempalani mustakane Kala Bendana. Kala Bendana dipeksa supaya matur dora, nanging tetep wangkal. Raden Gathutkaca kedereng kanepsone. Lali mring kautamane satriya, rambute Kala Bendana sigra dijambak. Mustaka diuntir. Sakala tugel balung ing jangga. Dhawah kalenggah ambruk ponang raga. Gugur Ditya Kala Bendana padha sanalika. Nyumurupi gilang-gilang kuwandhane Ditya Kala Bendana, sakala Raden Gathutkaca muwun. Tangise satriya iku ambrol. Luh tumetes nelesi bantala. Rasane mung gela kang ora ana tambane. Sakala iku saka akasa keprungu swara wewentehan memper swarane Kala Bendana nanging malih dadi cetha, ora cedhal maneh.

“Kulup Angger Gathutkaca. Wus kebacut anggonmu tumindak deksura marang pun Paman. Ya ngger wus daktrima kabeh tumindakmu kang kaya iku. Yitmaksu bakal bali mring alam kelanggengan, nanging isih manggon ing Swarga Pengrantunan. Mung eling-elingen mbesuk ing Bharata Yuda Jaya Binangun, aku bakal manjing aneng pucuke senjata Kunta Wijaya Danu. Ing kono aku bakal methuk sliramu bali mring kaswargan jati. Wis ngger enggal ruktinen ragaku!”

Mung keburu ing kenepson, Raden Gathutkaca ora bisa ngendhaleni dhiri. Kanepsone kang leluwihan wis mahanani kapitunane liyan. Kala Bendana, buta bajang iku kudu sirna marga layu. Nasibe pancen kurang becik. Ditya Kala Bendana gegambarane buta lugu sing kepala. Wondene piwalese Sang Kala Bendana nyata bakal dumadi mbesuk yen wus gumelar Bharata Yuda Jaya Binangun.

Wadaslintang, 23 Januari 2020

*) Ki Sudadi, Penulis Sastra & Budaya, Kepala SMP Negeri 4 Wadaslintang, Wonosobo

HARMONISASI: IDE, IMAJINASI LAN KASUNYATAN

Dening: Trimana Laksana

Karya sastra yaiku "karya seni sing awujud tembung-tembung". Supaya bisa ngrasakke kang paling apik kaendahan, uga bisa ngukuhi isi sakabehane. Kudu tanggap lan menahi kalodhangan tumrap "tandha" *linguistik* magepokan karo kang digunakake pengarang lan hasil karangane (JJ Ras, *Bunga Rampai Sastra Jawa Mutakhir*).

Cerita cekak (cerkak) Jawa *modern* umume nggarap crita-crita realistik. Romantik nuli diteruske ana ing *genre-genre* sing luwih tradisional, kaya ta wayang, kethoprak, lan kentrung. Uga ana karya-karya sing isih ana "benang abang" kasusastran klasik, karo *legenda* lan *mitos*.

Cerkak sing isine adoh karo realitas utawa kasunyatan, njaban bidhang romantik sing wis biyasa tekan saiki, durung bisa dadi populer, lan ora akeh sing gelem nggarap. Apa maneh cerkak kang nggarap *absurd* utawa rada "nyelelek", kurang lan prasasat ora wani nyemplung ana laladan iku. Dadine, cerkak-cerkak kang terus karipta ya kayane mung "nguler kembang", *monoton* lan *stereotype*. Senajan pengarang sastra Jawa *modern* mesthi ora mung nyawisake karyane kanthi harafiah, hubungan kasunyatan antarane crita lan panguripan. Nanging tekan saiki isih tetep dadi ciri wanci kang penting, tumrap sebageyan para penulis sastra Jawa.

Cerkak "Arjuna Judheg", tulisane Eko Purwanto (*Swaratama*, edisi 14). Nyritrakake lara lapane uripe wayang tolong. Kanthi paraga penting, "Aku" lan mas Wid. Alur crita mung ndluwur wae, ora ana mendhak lan mendhukule. *Dialog* utawa pachelathone ora ana sing "istimewa" kanggo bisa nggeret mlebu marang sing maca. *Dialoge* mung nggambarake bab-bab lumrah utawa *verbal*, durung ndudut atine sing maca. Konflik sing diunggah kurang nges, uga kurang gawe greget sing maca. Kurang duwe misi utawa tujuan, cerkak iku ditulis kangga apa lan kanggo ngapa?

Dadine, cerkak iki yang mung kaya wong grenengan, utawa ngudarasa. Ora ana rabuke kang kudu supaya crita kang gawe getere ati. Anggone nggarap paraga "Aku" isih mbingungake. Senajan karepe penulis, minangka paraga misterius, nanging kurang digarap kanthi permati. Paraga

"Aku" supaya dadi tandha pitakon utawa "ngambang" (*hanging story*)?

Supaya cerkak "Arjuna Judheg" iki dadi crita kang bisa gawe sing maca kepranan, nuli dadi pepeling, kudune bisa diolah lan dicawisake kanthi "hidangan istimewa". Nalika antarane harmonise: *ide*, *imajinasi*, lan kasunyatan, nyawiji dadi siji.

Ide kanggo mbukak *romantisme* wayang tolong, iku wis mujudake *ide* sing apik. Supaya generasi milenial saiki bisa nggoleki *referensi* bab wayang tolong, sing wis ilang diuntal jaman.

Imajinasi, kudune rada "liar" sithik. Dadine ora mung ngrembug bab asmara, kulawarga, selingkuh. Nanging, bisa digarap bab wayang tolong lara lapane, dadine bisa dadi gegambaran kang cetha minangka rekasane urip neng wayang tolong. Apa maneh digarap kanthi *liar*, nerjang saka realitas, iku bisa ngedab-edabi.

Antarane *ide*, *imajinasi*, lan kasunyatan, menawa bisa dadi siji kanthi *koheren*, crita iki bisa luwih apik lan nges. Sebab, pungkasan crita, wis ditutup kanthi panutup kang lumayan.

...Aku kelingan yen ing kembenku mau ana dluwang untel-untelan. Dakbukak alon-alon. Ana tulisan ing dluwang kuwi. Tulisan isih cetha. Banjur dakwaca. Jebul...layang pangundang sidhang *gugatan cerai* mbak Sri marang mas Wid saka pengadilan Agama ing kutha cilik iki! ("Arjuna Judheg", *Swaratama*, Edisi 14)

Sejatine, menawa cerkak iki digarap ora mung kanthi *genre* romantik, nanging nganggo *genre sosio humanis*, luwih nges lan bisa luwih greget. Bisa dadi prasasti tumrap penulise, uga marang sing maca.

Cerkak "Arjuna Judheg" iki, menawa kanggo wacan ora kanthi ngrembug bab kualitas lan gamben, wis klebu wacan kanggo rabuk sastra Jawa. Isih ana sing nulis, lan tetep ditulis.

Mekaten!

ARJUNA
अर्जुन

Murih Basa Jawa Lestari

Dening : Fajrin Dwi Artika

Basa Jawa, basa sing saiki wis kaya basa manca tumrap bocah-bocah ing jaman saiki. Kepingi ora dadi basa asing wong sing nduweni basa Jawa, sing asli wong Jawa, wae saiki akeh sing padha isin nggunakake basa Jawa. Ngaku wong Jawa, nanging yen ngomong ya wis akeh sing ora bisa nggunakake unggah-ungguh kanthi trep, kadhang kala malah kepara isin yen arep ngomong nggunakake basa Jawa. Mbok menawa rumangsa isin utawa dianggep ora “gaul” utawa “ketinggalan jaman”. Lha yen wis kaya ngene banjur sapa sing disalahake? Apa mung nyalahake kulawarga? Apa banjur nyalahake guru sing mulang Basa Jawa ing sekolahan? Mesthine kabeh kudu tansah melu cawe-cawe, melu njaga, lan aja mung padha nyalahake antarane siji lan sijine.

Cara kanggo nglestarekake basa Jawa bisa diwiwiti saka kulawarga. Yen ing kulawarga dikulinakake ngomong nganggo basa Jawa, mesthi wae bocah bakal kulina. Sanajan mengko yen bocah wis saba neng njaba, kumpul karo kanca-kancane banjur basane dadi campur adhuk utawa kacampuran basa Indonesia, nanging saora-orane kulawarga wis miwiti ngulinakake basa Jawa. Dene yen ing kulawarga wae wis ora dikulinakake basa Jawa, bocah ora bakal kenal karo basa Jawa. Kabeh iku pancen kudu disinaoni lan dikulinakake.

Kasunyatan, para mudha saiki akeh sing padha ora ngerti unggah-ungguh basa sing bener. Karepe kepengin migunakake basa kanthi bener, nanging ora ngerti menawa basane luput utawa kurang trep. Karepe kepengin basa nanging salah kaprah. Ditambah maneh, saiki akeh bocah wis ora bisa migunakake basa kang trep marang sing luwih tuwa. Kuwi mau pancen amarga ora bisa utawa isin ya ora ngerti. Nanging, kasunyatan saiki wis arang sing bisa nggunakake basa Jawa kanthi unggah-ungguh kang bener.

Kasunyatan kang mangkono iku dadi PR tumrap guru Basa Jawa. Guru Basa Jawa kudu tansah ubet golek cara kang nyenengake supaya bocah-bocah gelem sinau basa Jawa kanthi ati kang seneng. Yen atine seneng, mesthi wae apa kang diwulangake guru mesthi gampang dipahami dening bocah. Piwulangan Basa Jawa sing digunakake jaman biyen kudu diowahi lan dijumbuhake karo obah owahing jaman amrih bocah-bocah kagugah atine gelem

sinau basa Jawa kanthi seneng. Menawa guru gelem migunakake medhia kanggo srana nyinaoni bocah ing pamulangan, siswa bakal bisa dadi seneng karo wulangan Basa Jawa.

Saliyane nganggo medhia-medhia kang bisa narik kawigatene bocah, bisa uga saben piwulangan bocah diajak dolanan, utawa diwenehi kuis. Sing wigati, kabeh kudu dijumbuhake karo materi kang diwulangake. Kanthi mangkono, guru gampang anggane mulang, bocah uga seneng sinau, banjur ancane piwulangan bisa kagayuh kaya sing dikarepake.

Yen ing kulawarga ngulinakake migunakake basa Jawa, ing sekolahan pamulange guru nyenengake, mesthi bakal becik asile. Eman banget yen nganti bocah ora bisa basa Jawa kanthi migunakake unggah-ungguh. Yen saben dina dikulinakake nganggo basa Jawa mesthi wae bocah bakal ngerti unggah-ungguh.

Aja nganti majuning jaman sing sarwa modheren kaya saiki dadi pepalang tumrap urip lan lestarine basa Jawa. Kosok baline, majuning jaman lan teknologi kudu bisa didadekake srana lan medhia kanggo nguripake lan ngrembakake basa Jawa kareben basa Jawa bisa lestari.

Maneka cara kudu digunakake supaya basa Jawa tansah ngrembaka. Generasi mudha minangka paneruse bangsa kudu dikulinakake basa satemah bisa nguri-uri lan ora ninggalake basa Jawa. Yen nganti bocah saiki ora gelem nggunakake basa Jawa, ora gelem nglestarekake basa Jawa banjur sapa sing arep nggunakake basa Jawa? Sapa sing arep nerusake? Yen ora diwiwiti saiki banjur kapan anggane miwiti? Yen ora dijaga amrih lestari banjur kepiye nasib basa Jawa? Mula, minangka wong Jawa, ayo padha migunakake basa Jawa, ora prelu isin, ora prelu gengsi supaya basa Jawa tansah lestari.



WEWEDEN LAN LESTARINE LINGKUNGAN

Dening: Siti Siamah

Kanggone bebrayan agung ing Jawa, akeh cara murih lestarine lingkungan, mligine wit-witan. Nanging cara kang paling misuwur yaiku cara meden-medeni. Contone, murih wit-witan aja nganti ditegori mula banjur diawat-awati kanthi weweden sing pancen nggegirisi. Jarene wit-witan kuwi dijaga dening bangsa lelembut sing balane akeh. Mangka sapa sing wani negor wit-witan kuwi bakal dimungsuhi dening kang mbaureksa tumekaning anak putune kabeh.

Weweden kaya mengkono kuwi pancen nggegirisi, jalaran kabeh manungsa ora kepengin nduweni mungsuh, apa maneh yen mungsuhe uga bakal mungsuhi anak putune. Mula banjur akeh wit-witan gedhe ora ditegor jalaran pancen ora ana sing wani negor.

Biyen, ing saben kampung ana wit-witan gedhe sing dianggep angker jalaran misuwur dijaga dening lelembut utawa malah dadi panggonane lelembut. Kabeh warga rumangsa melu handarbeni jalaran wit-witan gedhe kuwi tansah dadi punjere sumber banyu panguripan kanggo warga kampung.

Malah wis lumrah yen sangisore wit-witan gedhe uga ana sendhang sing banyune tansah megung sadawane mangsa katiga. Akeh warga padha adus lan umbah-umbah ing sendhang. Uga akeh warga padha ngangsu banyu sendhang kanggo kaperluan kulawarga ing omahe dhewe-dhewe.



Dudu Syirik

Murih kabeh warga gelem melu ngopeni sendhang lan wit-witan sing gedhe kuwi, sesepuh kampung padha gawe tradhisi bancakan utawa slametan. Bancakan utawa slametan tegese syukuran marang Gusti Kang Kuwasa sing wis paring kanikmatan arupa sumber banyu bening sing dadi panguripane warga kabeh.

Kaya ngono kuwi sawijine cara murih lestarine wit-witan sing pancen penting banget kanggo kabeh kawulane Gusti Kang Murbeng Dumadi. Mula wiwit biyen weweden kaya sing kasebut mau kuwi ora dianggep minangka syirik jalaran pancen ora teges nyekuthokake Gusti Kang Kuwasa.

Kejaba saka kuwi, weweden malah ngemot piwulang becik kang magepokan karo lestarine lingkungan. Luwih cethane, kang kasebut lingkungan kuwi digawe dening Gusti Kang Kuwasa kanggo kabeh kawulane. Dene, kawulane Gusti Kang Kuwasa kuwi ora mung manungsa nanging uga kewan, jin, lan malaikat. Mula yen ana sing kandha yen percaya anane weweden kuwi minangka syirik sing kudune disingkirake, ora susah direwes jalaran pancen dudu syirik.

Malah yen digalih kanthi temen-temen, weweden kuwi bisa dadi cara murih tansah eling lan mituhu marang Gusti Kang Kuwasa. Cethane, yen manungsa lagi kaweden, kaya dene wedi lara utawa wedi mati, banjur bakal tumindak becik lan sregep ngibadah marang Gusti Kang Kuwasa.

Sesajen

Weweden murih lestarine wit-witan wiwit biyen uga direkadaya aja nganti ilang. Mula saka kuwi, ing kampung-kampung para sesepuh padha gawe sesajen utawa ngobong menyan ing ngisore wit-witan. Sesajen minangka sedhekah, dene ngobong menyan minangka rekadaya murih wangine kahanan. Sesajen kuwi ora pareng dipangan dening manungsa jalaran wis diniyati dadi sedhekah kanggo bangsa lelembut.

Yen ana sing takon, apa ora syirik yen manungsa maringi sesajen marang bangsa lelembut? Wangsulane wis cetha, ora syirik, jalaran sesajen dudu nyekuthokake Gusti Kang Kuwasa. Tegese, manungsa ora dilarang maringi sedhekah marang

sapa wae, apa maneh marang sapadha-padha kawulane Gusti Kang Kuwasa murih lestarine wit-witan lan karahayon saha katentremane bebrayan agung.

Yen dipikir maneh, manungsa urip ing ngalam donya iki kaya dene tetanggan karo bangsa lelembut. Mula apik-apik wae yen manungsa gelem loman marang bangsa lelembut sing pancen dadi sapadha-padha kawulane Gusti Kang Kuwasa.

Miturut ajaran agama, pakanan utawa minuman sing dadi sesajen ora pareng didhahar utawa diminum dening manungsa, jalaran pancen wis diparingake minangka sedhekah. Lha wis diniyati kanggo sedhekah ya pancen aja dijaluk maneh senjata sesajen kuwi katon isih wutuh. Yen bangsa lelembut ora doyan sesajen ben dipangan kewan, embuh kucing apa luwak. Kaya dene idu aja didilat maneh. Yen pancen sedhekah utawa sesajen katon muspra, jalaran isih wutuh nganti padha mambu utawa bosok, musprane ora sepiraa dibanding paedahe murih lestarine wit-witan.

Saya Luntur

Ing wektu saiki, weweden murih lestarine wit-witan pancen saya luntur. Akeh wit-witan gedhe sing biyen dianggep angker wis padha ditegori jalaran saya akeh warga sing ora wedi maneh marang weweden. Mula banjur saya akeh balak kaya dene longsor lan banjir saben-saben mangsa rendheng utawa kekurangan banyu saben-saben mangsa katiga.

Balak sing kasebut kuwi minangka jalaran saka musnane wit-witan sing bakal gawe susah. Akeh warga uga padha karugen utawa malah katula-tula, padha ngungsi menyang kampung liya, jalaran kampunge longsor utawa banjir. Mula kedaden ala kaya mengkono kuwi bisa dianggep minangka kuwalat.

Mula sadurunge ketiban balak, becike tansah ngrekadaya murih lestarine wit-witan. Yen pancen weweden wis ora meden-medeni maneh utawa wis ora mathuk ing jaman modheren iki, kudune golek cara liyane sing luwih mathuk. Kaya dene cara-cara sing ilmiah. Contone, kabeh warga dijak guyub nandur lan ngopeni wit-witan saakeh-akehe ing sakiwa-tengene omahe dhewe-dhewe murih nyegah asate sumber banyu lan lestarine kahanan adhem lan seger sing pancen penting kanggo urip bebrayan agung.

Yen pancen agama dianggep melu nglunturake weweden, becike kudune uga direkadaya murih lestarine wit-witan. Cekak aose, menawa wae kabeh warga padha sembrana negori wit-witan gedhe sing dadi punjere sumber banyu panguripan, kudune para ulama tansah paring fatwa sing tegese wajib kanggone manungsa melu ngopeni wit-witan. Utawa kudune ana fatwa, karam kukume yen negori wit-witan sing wis cetha penting banget kanggo lestarine lingkungan.***


*Siti Siamah
Peneliti Global Data Reform
Sutresna Kebudayaan Jawa*



Cak-cakane Tembung *Siram* lan *Ngendika*

Dening: Sunarti

- Ibu : Ndhuk, wis yahmene kok durung adus, ta? Jarene arep sinau bareng karo kanca-kancamu?
- Gendhuk : Nggih, Bu. Sekedhap malih kula siram.
- Ibu : Lho, marang awake dhewe kok siram, ta, Ndhuk?
- Gendhuk : Lha, kula rak ngangge basa krama, ta, Bu? Menapa klintu anggen kula ngendika?
- Ibu : Lha, tambah maneh klirune, ta, Ndhuk.
- Gendhuk : Ingkang lepat pundi, Bu?
- Ibu : Senajan kowe matur nganggo krama, nanging yen kowe adus, ora kok banjur tembung *adus* kokramakake dadi *siram*. Ananging, kanggo awakmu dhewe *adus*, dene yen kanggo ngormati wong liya, tembung kang trep *siram*. Cethane, kramane *adus* kuwi tetep *adus*, dene *siram* kuwi krama inggil saka *adus*.
- Gendhuk : O, makaten, Bu. Dados ingkang leres *kula adus*, menawi Ibu, Bapak, utawi Simbah *siram*.
- Ibu : Kuwi lagi bener, Ndhuk.
- Gendhuk : Lajeng, ingkang klintu malih menapa, Bu?
- Ibu : Tembung *ngendika* sing kokanggo mbasakke awakmu dhewe kuwi kliru, Ndhuk.
- Tembung *ngendika* kuwi tembung krama inggil kang ditujokake marang wong sing dikormati, umpamane: *Bapak ngendika*, *Simbah ngendika*, *Pak Guru ngendika*. Yen kanggo mbasakke awake dhewe tembung krama sing digunakake matur.
- Gendhuk : O, makaten. Dados tambah pangertosan kula bab basa, Bu.





Kumpulan Cerkak kang Sugih “Rasa Jawa”

Irah-irahan : Kembang Pasren
Pengarang : Impian Nopitasari
Penerbit : Garudhawaca, Yogyakarta
Tahun : September, 2017

Buku antologi cerkak utawa kumpulan crita cekak kanti irah-irahan Kembang Pasren mujudake karyane Impian Nopitasari kang kapisan. Semangate Impian Nopitasari kanggo mbabar buku kanthi migunakake basa Jawa iki patut diwenehi apresiasi kang gedhe. Jalaran, wis arang ana nom-noman sing gelem mbabar buku basa Jawa kaya kang ditindakake dening Impian Nopitasari. Yen ngelingi umure sarta trajange ing jagad kasusastran Jawa, Impian Nopitasari, pengarang saka Grobogan, Jawa Tengah iki bisa dikandhakake mujudake winih anyar kang diajab bakal gawe lestarine sastra Jawa.

Antologi cerkak kanthi irah-irahan Kembang Pasren iki ngemot 18 crita cekak kang sugih rasa Jawane. Maneka warna tema digarap kanthi nges dening Impian. Rancake tema-tema sing digarap dening Impian Nopitasari yaiku, crita-crita kanthi tema katresnan. Nanging, tema sing paling manjila ing kumpulan cerkak iki yaiku cerkak kanthi tema tragus-romantis, maksude tema-tema crita babagan katresnan kang kepok sesilih utawa yen basane nom-noman jaman saiki kasih tak sampai.

Tumrape sing wis tepung klawan Impian Nopitasari ing saben dinane, mesthine kudu ngguyu dhewe kalane maca crita-crita anggitané kang sauntara dielokake ing antologi iki. Kahanan iki disebabake apa sing ditulis dening Impian Nopitasari iki nate dumadi temenan ing kasunyatan. Kedadean nyata iku mau dening Impian Nopitasari banjur ditambahi nganggo maneka “bumbu” satemah ngasilake crita cekak kang nduweni rasa “nges” lan “njawani” banget.

Kapribadene Impian Nopitasari kang grapyak lan kepara rada crewet kegawa nganti tekan crita anggitané. Babagan iki ora ngurangi rasa nges sajeroning crita cekak anggitané. Nanging, kepara

malah aweh daya kekuwatan sajeroning crita anggitané. Ing perangan liya, akehe dhialek sajeroning crita cekak kang kaimpun ing Kembang Pasren iki nuduhake pasrawungane penulis kang jembar banget.

Ing cerkak kanthi irah-irahan “Kupon Kramat Uda Fajri”, garapan critane digawe rada beda tinimbang crita-crita cekak liyane. Ing kene, dheweke nggawe paraga priya saka laladan sanjabane tlatah Pulo Jawa. Priya sing dadi paraga ing critane iki mujudake wong saka laladan Minang. Masiya ing crita iki ana tugelan pachelathon kanthi migunakake basa Minang, nanging babagan kasebut ora nyuda ngese crita. Suwalike, perangan kuwi dadi nambahi gregeting crita kang bisa nuduhake yen penulise nduweni pasrawungan kang ora cupet.

Sajeroning cerkak anggitané Impian Nopitasari iki pamaos bakal nemoni akeh banget istilah-istilah utawa tetembungan basa Inggris. Perangan iki mujudake titikan saka cerkak anggitané Impian Nopitasari ing antologine mau. Senajan migunakake istilah utawa tetembungan kanthi migunakake basa Inggris, Impian Nopitasari bisa gawe cara sing trep supaya sajroning crita anggitané ora kelangan rasa Jawane.

Impian Nopitasari pancene kapetung isih jeneng anyar ing jagad kasusastran Jawa. Nanging yen ndulu kerepe tulisane kapacak ing media basa Jawa kaya ta Panjebur Semangat, Jaya Baya, Djaka Lodhang, lan suplemen “Jagad Jawa” Solopos, nuduhake yen karya-karyane kenya lulusan S-2 Basa Inggris saka sawijining Universitas ing kutha Semarang iki ora bisa dianggep entheng. (Zuly Kristanto--Pandhemen Sastra Jawa saka Tulungagung)

Supatane Begawan Sukra

19

DENING BANJARLI AMBARDI

KADIPATEN SELAGANDHEN.

WIS TITI MANGSANE
PANGUWASANE PRABU
YAYATI AMBRUK.

AKU SURANGANYIR
BAKAL NGGANTENI KE-
PRABONE - JUMENENG
NATA ING PURWARUNGU.

LABRAK PURWARUNGU!
RAWE-RAWE RANTAS
MALANG-MALANG PUTUNG!


GUSTI DIPATI...
PUNAPA SAMPUN PUN
PETANG TUNA LAN
MBOTENIPUN, NGE-
REK GENDERA
PERANG?

LIWIS! AKU ORA
SLIDI DHEKU-DHEKU
TERUS NENG NGAREPE
YAYATI.

KUMPULNA
PRAJURIT,
TATA - TATA
AYUDA.

19

KRAMAN NJERLUK - DIPANDHEGANI
DEMINING SURANGANYUR. DIBAN-
TU PARA BUPATI KANG SARUJUK
KARO PEPINGINANE ADIPATI
SELAGANDHEN.



KAYA SING DIKANDHAKAKE
BEGAWAN SUKRA, ING KALANE
KRAJAN PURWARINGU MANG-
GIH RERIBET




SOT SANG RESI NE-
MAHI PRABU YAYATI.
RAJA PURWARINGU
DADI JOMPO DADAKAN.



GLUSTI
PRABU...
OH?

AJAA KUATIIR
KAKANG PATIIH...
AKU BAKAL BISA
PLIH MANEH

DHUH BATHARA AGUNG...
KENGING PUNAPA NAGARI
PURWARINGU PADUKA
DAMEL PETENG LELIMENG-
AN KADOS PUNIKA -



Jamuran

Jamuran


Ya gegethok

Jamur apa

Ya gegethok

Jamur gaji mbejijih saara ara

Sira mbadhe jamur apa



<http://balaibahasajateng.kemdikbud.go.id>



www.perpustakaanbbjt.blogspot.com



[balaibahasajawatengah](https://www.instagram.com/balaibahasajawatengah)



BBJateng



@bb_jateng



Balai Bahasa Jawa Tengah